


MASUWO MUKATI MESUWO

 . . . pano mangwanani ano. Ndanga ndichifunga nezvenguva yangu ndichiuya kuFlagstaff ke—kekutanga. Angangova, ndinofunga, makore angaite 38 akapfuura, zvichida 40. Ndaitaura pamusoro pekukwidza makata. Kwakanga kusina mazaya echando, asi Model-T yangu yaitadza kukwidza makata. Yaigona kufamba mamaira 30 paawa, asi ari 15 kuenda *neuku* uye 15 kuenda *neuku*, munoziva, napamusoro pemimwe yemigwagwa iyi yataive nayo kuno. Uye chaizvo yakanga iri . . .

² [Imwe hama papuratifomu inoti, “Madii kutipawo detembo reFord riya?”—Mupepeti] Hama Carl! [“Ndapota.”] Kwete. Vari kundiudza nezvedetembo diki randakamboita imwe nguva, reFord yangu. Haisi nzvimbo yakanaka yekuripa, Hama Carl.

³ Saka, tinotenda zvikuru. Uye ndava nezvapupu zvizhinji zvakanaka mangwanani ano, ndichinzwa kubva kuhama idzi, ndasangana nevamwe vevaramwe vacho.

⁴ Uye panga paine mushumiri uyu achangobva kutaura pano, imwe hama yechiSpanish yakapa wayo . . . nguva yemukomana mudiki kuti aimbe. Zvanga zvisina kunaka here paizwi remakore 6? Ini zvangu, izwi diki rakanakisa randati ndambonzwa, pamukomana mudiki akadaro.

⁵ Zvino, hama iyi, hama dzazvikanganwa, asi iri kuita musangano muno muguta renyu. Ndinofunga kuti kuzasi ku church of God, kana Assemblies of God? [Hama inoti, “Assemblies.”] Assemblies of God, zasi kuAssemblies of God. Uye ndine chokwadi chekuti vachakoshesa kuvepo kwenyu—kwenyu. Musangano uri kutora nguva yakadii, hama? [“Kusvikira Svondo.”] Kusvikira Svondo. [“Svondo manheru.”] Kusvikira Svondo manheru. [“Tine kuimbwa kwenziyo manheru ano.”] Changamire? [“Tine kuimbwa kwenziyo manheru ano.”] Kuimbwa kwenziyo manheru ano. Zvino imi mose munokokwa nemufaro kuti muuye kumusangano uyu. [“Na 7:30.”] 7:30, manheru anhasi. Uye chechi iri neche papi, hama? [“113 West Clay.”] Mungangotiudzawo here kuti iri kupi? [“113 West Clay.”] 113 West Clay Street, imo muno muguta reFlagstaff. Uye—uye ndine chokwadi kuti mucha . . .

⁶ Mukomana mudiki uyu anemi here? [Hama inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Kwete, baba vake vachaimba. Munoimba, handizvo? Zvino, zvakanaka, ndazvinzwisisa chaizvo, kwenguva imwe chete. Zvino, kashoma kaunozviona izvozvo; asi zvinoti, kazhinji, kana paine tarenda riri mumhuri, rinotoredzera kubva—kubva kune vamwe vacho vese, ndinofunga kudaro. Saka vane . . . [“Zvakatanga zvose mukutsanya nekunamata,

Hama Branham.”] Kutsanya nekunamata, zvino zvaka—zvakanaka chaizvo.

⁷ Zvino, munoziva, dai America, pamwe chete, mhuri dzedu dzose dzemuAmerica dzanga dzakadaro, zvinoka, vaitongodzinga mapurisa ese pabasa. Mireniyamu yaizovapo, handizvo here? Taizove tiri muboka repamusoro zvino. Ndizvozvo. Rufu rwose rwaizopera, hurwere hwose, kusuwa, kuwodzwa moyo kwese, uye taizova naKristu.

⁸ Saka, tinofara, uye ndinonzwa zvapupu zvole izvi zvakanaka! Zvino ndakava nemukana wekusangana naHama Earl, kekutanga kangu. Uye—uye manheru apfuura ndaitaura nemudzimai wavo, uye—uye vakadanwa uye vakapodzwa, kakawanda, mumisangano; vakati, pamusangano wekupedzisira vakanga vari papuratifomu.

⁹ Saka, zvinoita kuti tive, nekakumboseka zvisihoma. Ndanga ndisingachakwanisa kurangarira Hama Earl, kunyangwe ndakanga ndavagwinha chishanu pane imwe nzvimbo. Uye—uye ndakanga ndigere neche pahwindo, manheru apfuura, ndichivatarisira kuti vauye. Zvino mumwe murume mukuru murefu akauya, akanga aine ndebvu dzepamuromo nhema. Ndikati, “Havoka avo.” Uye zvakare apo... Billy, mwanakomana wangu, akati, “Oo, kwete,” akati, “havasi Hama Earl. Vadiki kwazvo pazera pane muchinda uyo.” Saka ndakazosangana naHanzvadzi Earl pano manheru apfuura, uye ndikava nemukana wekuva mumusha wavo wakanaka muno muguta.

¹⁰ Ino inzvimbo yakanakisa. Ndinogara ndichida kuidaidza kuti *flagpole* panzvimbo ye Flagstaff, kumusoro-soro kwechikomo uko, munoono. Uye, ndinokutaurirai, kana paine ani zvake pano anobva kuTexas, zvino ganzaika tione. Ndakabva kuTucson, nezuro, yaingova 72 kana 75, zvimwe zvakada kudaro, uye kumusoro kuno mangwanani ano ndakapfeka jasi. Munoono, zvananzvo muTexas, isu tinanzvo muArizona, hatina here? Ndizvozvo. Tiri pano chaipo.

¹¹ Uye nguva ino yekuyanana... Mutana Chiremba Bosworth, shamwari yangu, vazhinji venyu mungadai maiziva Hama Bosworth. Vaive mumwe wevatana vatsvene kwazvo. Zvino vakati kwandiri imwe nguva, vakati, “Hama Branham, munoziva kuti *kuyanana* chii?”

Ndikati, “Ndinofunga kudaro, Hama Bosworth.”

¹² Vakati, “Ishamwari 2 muchikepe 1, saka vanofanirwa kugoverana zvisihoma.”

¹³ Saka ndizvo zviru kuyanana, tinotora uye topa, togoverana mumwe kune mumwe; naHama Carl Williams, vamwe vose, Hama Outlaw. Oo, mumwe wevanhu vekutanga muArizona vakatsigira mumwe wemisangano yangu, aive Hama Jimmy Outlaw, uye tanga tiri hama dzepamoyo kubva panguva

iyoyo. Uye tinofara zvikuru nokuda kwenyu mose, nokuda kwevashumiri nehama dzatinosangana nadzo pano. Handina nguva yekukwazisana maoko nemunhu wese, sezvandinoda, asi iyi iyanano patinougana pamwe chete.

¹⁴ Zvinongondifungisa nezve—nezvekonivhenisheni yekuPhoenix. Ndakava nemukana, kubvira pakatanga gungano idzi, kuti—kuti ndibatsire kuronga gungano idzi nokutaura madziri. Uye ndiro chete sangano randiri mariri, zvino harisi sangano. Hungori hurongwa huri kushanda pakati pevanhu.

¹⁵ Uye kana vamwe venyu varume vari pano mangwanani ano, va—vasiri veyanano iyi, yeChristian Business Men, Full Gospel, itai kuti . . . kana mukatenda uye mukatora shoko rangu, nderimwe remapoka akanakisisa evanhu. Uye—uye kuhama dzinoshumira, haripesane nechechi yenyu, rinototsigira yenyu. Munoono, inzira yavo yekuunza mu—muchechi.

¹⁶ Ndazongotarisa kune mudzimai akanaka uyu achangobva kuimba rwiyo rwuya nguva shoma yapfuura. Ndakarwunzwa rwuchiedza kuimbwa kakawanda, asi mudzimai uyu anga ane inzwi ranga richigona kurwuimba nemazvo, munoziva, asingarwutswiriridze, sokudaro. Ndazvifarira zvakanyanya, amai, zvanga zvakaisvonaka, kwazvo. Zvanzi mudzimai wemumwe mushumiri pano. Uye, hama, munofanira kuvaita kuti vakuimbirei kusvika makotsira manheru ega-ega, saka zvingava zvakaisvonaka kwazvo, zvakaisvonaka kwazvo. Kwanga kuri kuimba kwakanaka chaizvo. Ndazviyemura.

¹⁷ Uye, mangwanani ano, zvinoita sekundiyeuchidza nezvekamwe—kamwe kanyaya. Kutu, ndi—ndinofarira kuvhima nekuredza, uye ndicho chimwe chezvikonzero ndakauya muno muArizona, saka, kuzovhima nekuredza. Uye ndinozvfifarira. Uye saka ndairedza imwe nguva muNew Hampshire.

¹⁸ Uye ndinodaira kuti ndine vamwe vangu vazhinji muno vanofarira zvekuredza, vose kuvarume nemadzimai, zvakare, munoono. Tose tinokufarira.

¹⁹ Saka ndaive nekatende kadiki kekurarira kandakanga ndatakura kumusoro—soro, kumusoro kwekuti, munoziva mamwe machinda aya, akati simbei kana zvimwewo, havaigona kufamba kuenda kumusoro ikoko. Uye pakanga paine dzakawanda dzakanaka, dzeaya, mabrook trout, ne brown, square-tail, cutthroat. Oo, dzakangozara, hova diki idzodzo dzinoyerera dzichidzika kubva pamusoro pemakomo muNew Hampshire. Uye hove ye trout diki, zvichida mainji 14, 16 pakureba, dzingori zhinji kwazvo! Uye ini ndaingo . . . Ndaiendako ndonodzibata, kungonakidzwa nekudzibata chete, ndodzirega dzichienda. Kana ndikauraya 1, zvino nda—ndaitya iyoyo, munoono, ndouya nayo.

²⁰ Saka ndaive neimwe yemichindwe iyi yekare yema moose yaikura, uye—uye pese pandaikanda chiredzo changu . . .

Ndakanga ndiine chiredzo chidiki Royal Coachman. Ndairedza nacho seri ikoko, ndaizova nacho chamonerera pamurwi yemichindwe yemamoose. Uye ndakafunga, “Zvino, ndichatora demo ndoenda kumusoro ikoko, mangwanani ano, uye— uye ndotemera pasi michindwe yemamoose iyoyo, kuti ndirege kubatira chiredzo changu pauri.” Oo, ndakatarisa kuseri pasi pe... chinenge chidhamu chembiti, zvino dzaive dzakangogara imomo, dzakangomirira kuti chiredzo che Coachman ichocho chiuye padziri. Zvino, husiku hwose... Ndaisimboti, “chabata vhudzi rangu,” asi handichina vhudzi rinokwana rokuti chigokwanisa kupinda mariri zvino. Saka ndaive... Ndakango... maitiro adzo acho adzinongo— adzinongozvitarisa nawo. Uye saka ndakaenda kumusoro ikoko, mangwanani iwayo, ndikatora demo diki iri, ndikatemera pasi michindwe yemamoose iyi. Zvino ndakange ndine 3 kana 4, dzandaizogadzira kuitira kudya kwemangwanani, ndodzoka. Zvino handisi mubiki anonyatsogona. Uye saka ndakaudza mudzimai wangu kuti handaikwanisa kufashaidza mvura ndisina kuipisa, saka munoziva kuti ringava basa rakati omei kwazvo rekubika.

²¹ Saka, munzira yangu ndichidzoka, paiva naamai chitsere nevana vavo 2, zvino vakanga vapinda mutende rangu duku. Zvino taura nezvekupwanyanya-pwanyanya chimwe chinhu, hauzive kuti zvinhu zvingapwanywa-pwanywa sei kusvikira warega chitsere chichipinda mutende. Icho, haisi nyaya yekuti zvingaparadzei... zvingadyei, waro, ndeyekuti zvingaparadzei. Ndakanga ndine chitofu chidiki, chitofu ichi chemusango imomo, zvino zvaikwira pamusoro pechitofu chidiki ichi zvosvetuka-svetuka, kuti zvingonzwa pombi yacho ichirira, uye zvakangoipunza kuita zvidimbu-zvidimbu, munoziva. Zvino pandakauyako, ndaiva nepfuti ine ngura ye .22 yakanga iri imomo, asi ndakanga ndine demo iri muruoko rwangu.

²² Uye, munoziva, pandakauya, amai vacho vakare vakatizira kune rimwe divi, vakadana vana vavo. Zvino mwana 1 akatevera, zvakanaka; asi mumwe wacho akagara pasi, kamuchinda kadiki-diki. Muna Chivabvu, munoziva, zvinongobuda. Chainge chakakombamisa musana wacho chakandifuratira, *saizvozvo*. Uye ndakafunga, “Chiri kumboitei?” Zvino, chakabva chatarisa kwandiri. Zvino ndakatsvaga muti, kuti ndione kuti chaive pedyo zvakadini—zvakadini, nokuti zvinogona kukumara, munoziva, nokuda kwevana vaduku ivavo. Uye, izvo, haugone kutaura nazvo kuti zviregedze, munoon. Saka ndakatarisa mai vekare kwechinguva, munoziva. Vakaramba vachidana, uye vachiita ruzha, zvakada kuita seshiri. Unofanirwa kuziva kuti icho chinorira sei. Saka vakaramba vachidana mwana iyeye, zvino mwana uyu aisauya.

²³ Zvino, ndakafunga nezvepfuti yangu. Uye ndakafunga, “Kwete, kana ndikamhanyira imomo ndotora pfuti iyoyo, kana

ndikapfura amai vakuru ava, ndaisiya nherera 2 musango,” uye ndakanga ndisingadi kuva nemhosva yaizvozvo. Uye, pamusoro pazvo, icho chikauya kuzorwisa, pfuti ye 22 yaizonge iri diki, munoziva. Uye dzimwe nguva yaisapfura, ndaitozofanira kuikoka ka 3 kana ka 4 kuti ipfure. Saka ndakafunga, “Zvinoka, ndichangoenda mumuti uyo, kana chikananga kuno. Ndinozokwira mumuti imomo, ndотора kashamhu ndongozvishwapura pamhuno.” Mhuno yazvo yakapfava zvikuru. Zvino zvinongochema, zvobva zvadzika pasi, munoziva, zvobva zvasiyana newe. Saka ndakafunga, “Ndichakwira mumuti uyo.”

²⁴ Asi kuda kuziva nezve kamuchinda aka, oo, kakagara sezvizi. Zvino ndakafunga, “Kari kumboitei?” Saka ndakaramba ndichiverevedza, ndakachitarisa, munoziva, ndichienda kure zvisroma, uye ndichiswewera pedyo nemuti, nekuti chakaramba chichidanira mwana uya. Saka ndakati endei mberi zvisroma, zvino munoziva zvanga zvaitwa nemuchinda mudiki uyu?

²⁵ Zvino, ndinofarira ma flapjack, kana kuti mapanikeke, ndinotenda kuti munoadaidza kudaro, kunze kuno. Zasi kuMaodzanyemba, tinoadaidza kuti ma flapjack. Uye handisi nyanzvi pakuagadzira, asi ndinonyatsogona kuadya. Uye, munoziva, ndakanga ndiri muBaptisti. Handifarire kumwaya-mwaya; ndinofarira chaizvo kuabhabhatidza, kunyatsoisa manyuchi paari. Saka ndaiva negaba remanyuchi, rakareba *kudai*, rigere ipapo, kabhaketu kehafu yegarani kuitira maflapjack angu.

²⁶ Uye kamuchinda aka, munoziva, chitsere chinofarira zvinotapira, zvisinei. Chakanga chavhura bhaketi iroro remanyuchi. Zvino chakanga chigere ipapo nechanza chidiki ichocho chakada kufara *zvakadai*. Uye chakanga chariisa mumaoko acho, uye chakanga chichingonyudza tsoka yacho diki, uye chichinanzva saizvozvo, munoziva. Ndizvozvo. Uye chaibva chanzva karurimi kadiki kaya. Zvino ndakatanga . . . Zvino dai ndaive nekamera, ndaizoda kuzviratidza mangwanani ano, kuti mungochitarisa. Zvino hapo pachaiya, chichiisa katsoka kacho zasi ipapo, uye chichinanzva saizvozvo. Zvino ndakadanidzira, “Ibva ipapo,” saizvozvo. Zvino hachina kana kumboita hanya neni, uye chakaramba chichingonanzva saizvozvo. Chakakokota bhaketi iroro rose, munoono.

²⁷ Zvino ndakadanidzira kwachiri saizvozvo, chakacheuka chikanditarisa saizvozvo. Hachina kukwanisa kuvhura maziso acho, chaive chakangozara nemanyuchi, munoziva. Pese-pese pamaziso acho, dumbu racho diki, chakangozara nemanyuchi zvekuzara zviya! Ndokubva, mushure mechinguva, chakadzedzereka chichienda nedivi, chikamhanyira kuna amai vacho. Zvakachiwana kumusoro ikoko mumakwenzi

ndokutanga kuchinanzva. Zvaitya kugara pabhaketi, asi zvaigona kuchinanzva.

²⁸ Ini ndikati, “Kana iwo usiri mufananidzo wemusangano wakanaka, wekare wepentekosti; wakangozadzwa nezvinhu zvakanaka, zvinotapira, voenda kunze, uye mumwe munhu onanzva kubva pazviri. Ndiwo musangano wekuyanana chaiwo. Zvino tangouya sezvizvi, kuzopinza mawoko edu mubhaketi, mumwe nemumwe wedu, kusvika kumagokora chaiko, remaropafadzo aMwari. Uye ndine chokwadi kuti muchazviwana izvozvo parumutsiro rwuri zasi kuAssemblies of God, rwuri kuitika zasi ikoko iko zvino. Ishe vakuropafadzei.

²⁹ Ndakati muPhoenix, rimwe zuva, zvishoma. . . Ndinovimba kuti hazvina kunzwika sekumhura, nezve kanyambo pamusoro pemushumiri aienda papuratifomu mangwanani ega-ega, kwemakore 20, chaiwo, aiparidza maminetsi 20, obva apedza, saka vakatadza kunzwisisa kuti sei zvakanga zvakadaro. Uye saka, mamwe mangwanani, akaparidza anenge maawa 4. Zvino ma—madhikoni akamudana kumashure, ndo—ndokuti, “Mufundisi, tinokudai chaizvo.” Vakati, “Isu—isu tinofunga kuti mharidzo dzenyu dzakanaka.” Uye vakati, “Tinoziva, sebhodhi remadhikoni, takakuonai nekutarira nguva yenyu, maminetsi 20 chaiwo mangwanani eSvondo yega-yega.” Uye akati, “Mangwanani ano yaita maawa 4.” Akati, “Isu hatisi kunzwisisa.”

³⁰ Vakati, “Ndichakuudzai, hama.” Vakati, “Mangwanani ega-ega, pandinoenda kunoparidza,” vakati, “pamunondidaidza kupuratifomu, ndinotora ndoisa kamwe kezvihwitsi izvi zve Life Savers pasi perurimi rwangu. Uye,” vakati, “mumaminetsi 20, kana chihwitsi ichocho cheLife Savers chapera,” vakati, “ndi—ndi—ndinenge ndapedza,” vakati, “ndinoziva kuti yave nguva yekumira.” Uye vakati, “Kukanganisa kwandaita mangwanani ano, ndatora bhatani.”

³¹ Carl Williams, Jewel Rose, hama uye shamwari dzangu chaidzo dzepamoyo, vakaenda kudhorobha rimwe zuva, ndokutanga bhatani rakakura zvakada *kudai*, kuti vandipe, uye, asi handina kuritora mangwanani ano. Saka, tinotenda kuva pano.

³² Zvino, pane here ari muno anoziva Chiremba Lee Vayle? Handifunge. . . pamwe kwete. Vaive muparidzi weBaptisti, Chiremba weDivinity, uye vane madhigirii avo. Vaive mudzidzisi wepachikoro chesekondari, pakutanga, uye murume akanaka kwazvo, akadzidza. Uye matepi angu eMazera *Manomwe EKereke*, ndakaatumira kwavari, kuti vaaise mumatauriro akanaka. Nokuti, chiKentucky changu chekare “rova, handizvo, uye takura, uye senga, uye tora,” ichocho hachina kunaka kune vanhu vanoverenga mabhuku, saka vanga vari kuzondiisira mumatauriro akanaka. Uyezve, mushure mekunge vapedza,

vakaridzosa zvakare kakati wandei, kuitira zvimweze zvitaurwa. Izvo, bhuku racho rave kunodhindwa zvino, mushure memakore 3 kana 4.

³³ Vakandikumbira, vakati ivo, “Ndinganyorawo bhuku here, zvichingova zvitaurwa zvangu chete?”

Ini ndikati, “Zvino, zvakanaka, Hama Lee.” Uye ndakafunga . . .

³⁴ Vakabva vati, “Ndiri kuzokuudzai chimwe chinhu.” Vakati, “Harisi kuzotengeswa; riri kuzopiwa pachena.”

Ndakati, “Zvakanaka, saka, ndine chokwadi chokuti zvakanaka.” Maona?

³⁵ Uye saka vaive nerutsigiro rwevanhu vangangosvika 10 vakaritsigira nemari, izvo zvakavaitira mari ingangosvika madhora 1,500, ndinofunga kudaro, ndinonzwisisa kudaro, pamabhuku 10,000. Uye saka ti—tinawo, ese akabva kunodhindwa mazuva mashoma apfuura, uye takawana 2 kana 3, nezuro, zvino Billy akauya nawo. Uye ari—ari kupihwa pachena. Zvino, handisati ndamboriverenga, handizive kuti vakati kudii. Asi ndiri. . . Izvi ndezeve kutenda. Asi ndine chokwadi, kana muchirida, chingotinyorerai chete, richatumirwa kwamuri, pachena. Maona? Uye rinonzi iro *Twentieth-Century Prophet*.

³⁶ Zvino ndakacherechedza pamufananidzo uri pano, kumberi kwebhuku racho, vazhinji venyu mune mufananidzo uyu, hongu, uye makaIona, ndipo pakatorwa Ngirozi yaShe kuHouston, Texas, asi vakagura chikamu chaYo.

³⁷ Zvino ndinoona kuno kumashure. Uye vangani pano vakambova mune mumwe wemisangano, regai tione? Ndinofunga kuti mese makambovamo. Munondinzwa ndichiti, kazhinji, “Mumvuri uyo wakarembera pamusoro pemumwe munhu.” Zvino, munooona, kana ukaita chitaurwa, uye chisiri chokwadi, Mwari havana chekuita nacho. Munoziva kuti Mwari havazvibanidzi nenhema, asi Vanongotsigira zvinova chokwadi.

³⁸ Saka paVakaudza Mosesi, paVakasangana naye kumashure uko murenje, muShongwe yeMoto, kumashure mugwenzi riya raipfuta, zvino paVakabuditsa vanhu ivavo, uye neavo vaizotevera Mosesi pakubuda, parwendo, zvino Vakaburukira paGomo reSinai, Shongwe yeMoto imwe chete iya, ndokusimbisa kuti zvakanga zvataurwa naMosesi chaiva chokwadi.

³⁹ Zvino, Mwari vanoita izvozvo. Vanogara vachidaro. Saka Chiedza ichi *pano*, zvirokwazvo, tinoChibatanidza naMwari, nokuti Chine hunhu hwakafanana nezvose zvaVakaita paVaive pano panyika.

40 Zvino pane izvozvo, ndichitaura kuti, “Munhu uyu pano, ndiri kuona kuti wakafukidzwa nerufu, mumvuri wakasviba.” Vangani, vazhinji venyu makanzwa zvichitaurwa! Zvino, pano nguva pfupi yapfuura mumusangano, paiva nemumwe munhu aida kuziva, vaida kuona kana vaigona kuwana mufananidzo wawo, pazvakarehwa. Saka ivo... Paive nemumwe mukadzi aive akagara pedyo, uye murume uyu aive nekamera. Ini ndikati, “Mudzimai akagara apa, ndiMai *Nhingi-nhingi*,” chero zvazvingava. Ndikati, “Ane mumvuri werufu, asi ane kenza.” Uye ipapo akabva atora mufananidzo, nokuti pakanga pari pedyo. Uye hezvoka izvo, munoona, yakafukidza, kenza nhema yerufu yakaremba pamusoro pemudzimai uyu. Ndokubva Mweya Mutsvene wataura zvakare... .

41 Zvino, pava kaisa iyi mubhuku, vakaita kuti igurirwe, saka vakangoisa iyi muno kusvikira vatozodhinda rimwe bhuku. Uye ndokusaka muchiona peji yakapfekerwa imomo. Ndinofunga kuti *The Voice Of Healing* ndiyo yakadhinda bhuku racho.

42 Uye zvino nderemahara zvirokwazvo. Uye vakatsigira nemari vari kumashure uku kuseri kwebhuku, vakaisa madhora 1,500 mariri, kuti vangoriburitsa kuruzhinji, kuitira kuti veruzhinji vaaverenge. Saka, nderemahara, uye ibhuku diki rakanaka. Uye handizive zviri mukati maro, handisati ndamboriverenga; Baba vanozviziva izvozvo.

43 Asi munoona, Chakanga chiri, kwandiri, Chokwadi chamazvirokwazvo. Ndizvo zvatintarisira, iChokwadi. Jesu akati, “Muchaziva Chokwadi, Chokwadi chichakusunungurai.” Uye ndiYe Chokwadi ichocho. Ndiye, Jesu, Mwanakomana waMwari, ndiye Chokwadi cheShoko, nokuti Aiva Shoko rakaitwa nyama. “Pakutanga kwakanga kuine Shoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakazoitwa nyama rikagara pakati pedu.” Zvino, izvozvo zvakaMuita Chokwadi, nokuti Shoko iChokwadi, uye Akanga ari Chokwadi.

44 Zvino patinoMuona achidzoka mumazuva ano ekupedzisira, kufamba kukuru kwaMwari uku, achifamba munyika dzose dzenyika, achiunganidza vanhu kuti vave Mwenga, iChokwadi ichocho.

45 Makore akapfuura, vakati, “Pakanga pasina chinhu chakadaro chinonzi kutaura nendimi. Zvaiva zvisina maturo.” Mwari vakazvivimbisa, uye Vakazviratidza kuti iChokwadi. Ndizvozvo.

46 Mumwe munhu ati, mangwanani ano, ndinotenda kuti yanga iri hanzvadzi yedu inoremekedzwa apo inoshanda nevana zvakananyanya nezvekubhabhatidzwa kwavo, vati, “Unogona kunzwa mumwe munhu achitaura nendimi. Asi, kunzwa mumwe munhu achiimba nendimi, munoona, chakanga chiri chinhu chakanaka kwazvo.”

47 Ndinorangarira chiitiko changu chekutanga paRediger Tabhenakeri muFort Wayne, Indiana. Zvino ndakanga ndichitaura, ndiine shumiro yekunamatira vanorwara, mushure mekufa kwa—kwaHama B. E. Rediger. Uye Hama Bosworth vakamboveko, Paul Rader. Uye vazhinji venyu imi varume vakuru, seni, munorangarira Paul Rader; zvino akanga ari muBaptisti, uye isu taiva, saka taiva shamwari huru. Uye saka ndichitaura ipapo, ndaizonamatira vanorwara. Chakanga chiri chinhu chinoshamisa kwavari panguva iyoyo. Asi mumwe mudzimai akaunza kamwe kakomana, kakanga kakaremara, uye, paakanga achiuya papuratifomu, chiratidzo chaShe chakaonekwa ndokumuudza zvese pamusoro penyaya yekakomana aka. Zvino ndakakumbira musikana kuti anditambidze—anditambidze kakomana aka.

48 Zvino kungoitira chapupu chehanzvadzi, kuti muone zviri muvaro uye chishamiso chemazvirokwazvo che—chenyasha dzaMwari, zvazvaigona kuita, kana zvaitwa maererano neShoko raMwari, munoono, vimbiso yaMwari yenguva.

49 Zvino, vimbiso yaMwari kuna Noa haishande kwatiri nhasi. Vimbiso yaMwari kuna—kuna Mosesi, taisakwanisa kuva neMharidzo yaMosesi. Mosesi aisakwanisa kuva nemharidzo yaNoa. Tine Mharidzo yenguva ino. Hataikwanisa kuva nemharidzo yaLuther. Hataikwanisa kuva nemharidzo yaWesley. Ino ndeimwewo nguva. Mwari vakagovera Shoko raVo kuzera roga-roga. Uye zera iroro parinouya, Vanotumira mumwe munhu ipapo kuzosimbisa Shoko iroro, kuzoratidza kuti ichokwadi. Uye zvino tinoona mune rimwe nerimwe zvino, sezvakangotaurwa naJesu paAiva panyika, Akati, “Munovaka makuva evaporofita, uye madzibaba enyu ndivo vakavaisamo.”

50 Zvino, vanhu vekwangu maKatorike, sezvamunoziva, ini ndiri muIrish. Zvino isu . . . Zvino va—vanotaura nezvaMutsvene Patrick, maKatorike vanomuti ndewavo. Zvinoka, anotova muKatorike chaiye sezvandiri ini. Vanotaura nezvaJoan wekwa Arc. Vakapisira musikana uyu padanda, semuroyi, tose tinovziviza, nokuti akanga ari wemweya uye achiona zviratidzo. Sezvinei, kwapera mazana emakore akati kuti, vakachera mutumbi wevaprisita ivavo, ndokuita zvirango zvekutendeuka, ndokuikandira murwizi. Asi handizvo zvazvinotorera, munoono.

51 Vanogara vachizvipotsa. Munhu anogara achirumbidza Mwari nokuda kwezvaVakaita, achitarisira kune zvaVachange vari, uye achifuratira zvaVari kuita. Ndiho hunongova hunhu hwemunhu. Uye haasati ahandura hunhu hwake, munhu wemunyika.

52 Saka tinoona kuti Mharidzo yedu zvairi, nhasi, Mharidzo yatinayo, yekuti, “Budai muBhabhironi, uye muve vakasununguka, uye—uye mozadzwa neMweya, nemwenje yenyu yakagadzirwa uye yakajeka, uye, tarirai kumusoro, rudzikinuro

rwedu rwuri kuswederera pedyo,” zvinhu izvi hazvizivikanwe nevanhu vakawanda vanofema nekudana paZita raShe wedu anodikanwa.

⁵³ Asi zvakadaro pakati pazvo zvose izvozvo, hatina chatinopikisa pavanhu ivavo, vanhu ivavo vemumasangano. Zvavari zvakanaka, vakanaka. Ivo ndevedu—ivo ndevedu vatinobatidzana navo muEvhangeri, nokuti Jesu akati, “Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva. Uye—uye vose vaNdakapihwa naBaba, vachauya.”

⁵⁴ Saka, isu tinongova nemungava chete wekudyara Mbeu. Dzimwe dzakawira parutivi rwenzira, dzimwe mhando dzakasiyana-siyana dzevhu, dzimwe dzakawira pasi ndokubereka zvapaketwa ka 100. Saka, tinongova vakushi veMbeu chete. Mwari ndiVo Vanoltungamirira painoenda pasi. Uye zvino tinonamata kuti pamwe, mangwanani ano, pachave neMbeu inowira pane imwe nzvimbo, ingangokurudzira mumwe munhu. Uye sezingori mu—mu—munhu. . .

⁵⁵ Kupedzisa chapupu changu pamusoro pemudzimai mudiki wandanga ndiri kuzotaura nezvake. Mudzimai uyu akauya nekamwana aka, kakomana kadiki, ndinofunga, kangangoita makore 10, 12 ekuberekwa, uye pamwe kasina kukura kudaro, nekuti mudzimai uyu aive akamutakura. Uye akamugamuchidza kwandiri. Zvino ipapo, pandainamatira mwana uyu, kamuchinda aka kakasvetuka kubva mumaoko angu ndokuenda kachimhanya kachidzika papuratifomu, pane vanhu vangangosvika 3,500 kana 4,000. Uye pavakadaro, chinhu chekutanga chavakati vamboona chaitwa, amai vacho, vagere pachigaro chekumberi, vakangofenda ndokukotamisa musoro. Zvino kamwe kasikana kechiAmish. . .

⁵⁶ Munoziva here vanhu vechiAmish? Handizive kana munavo kunze kuno, vane vhudzi refu, vanhu vanotapira kwazvo, uye vakachena kwazvo uye vemhando yakanaka. Munoziva, mumaMennonites ose, kana maAmish, nevamwe vakadaro, hatina kana nhorondo imwe yevana vane misikanzwa. Vadanei henyu kuti vanosetsa kana muchida, asi isu—isu tine chimwe chinhu chatisina mudzimba dzedu, chavanacho. Havana kana nhorondo imwe kumatare edzimhosva, ye—yehunhubu hwevana pakati pavo. Vanorera vana vavo, nenzira imwe chete, uye ndiyo nzira yavanofamba nayo.

⁵⁷ Zvino mudzimai wechidiki uyu aizivikanwa zvikuru nekuridza piano, mudzimai wechidiki akanaka pachiso, nevhudzi shava, rakareba rakagadzirwa zvakanaka kugotsi. Zvino paakatarisako. . . Zvino, aive mu Amish, hapana chaaiziva nezvePentekosti, kana neniwo futi. Asi paakatarisa kupuratifomu, ndokuona mukomana uya achienda, achifamba ipapo, akakanda maoko ake mudenga.

58 Ndi—ndinoziva kuti pane kupengereka, uye ndinovimba kuti handina kurerekera ikoko. Ini—ini handisi murevi wenhema. Uye ini—ini handisi, kana ndichikanganisa, ini—ini handisi kukanganisa nemaune, ndiri kukanganisa nekusziva.

59 Asi musikana uyu akakanda maoko ake mudenga, uye vhudzi riya ndokuwira pamapfudzi ake, zvino akatanga kuimba nerurimi rwusingazikanwi. Uye airidza rwiyo rwuya, “Murapi Mukuru zvino ava pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Zvino paakasvetuka kubva ipapo...Ndinoziva kuti izvi zvinonzwika sezvinoshamisa kwazvo zvino. Asi musikana uyu hapana chaaimboziva nezvekutaura nendimi, asi aiimba nerurimi rwusingazivikanwe, “Murapi Mukuru zvino ava pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Uye piyano iya yakaramba ichiridza, “Murapi Mukuru zvino ava pedyo, Jesu anonzwira tsitsi.” Saka, vakazadza maartari iwayo, uye zvichidzika nemubharikoni, pasi, vanhu vachidanidzira! Musikana uye akamira ipapo, chiso chake chakasimudzwa *saizvozo*, achitaura nedzimwe ndimi; uye, piyano, makiyi machena achiri kungofamba:

Murapi mukuru zvino ari pedyo,
Jesu anonzwira tsitsi,
Anotaura nemoyo yakasuwa kuti ifare,
Hakuna rimwe Zita kunze kwaJesu.

60 Oo! Ndizvo... “Ziso harina kumboona, nenzeve haina kumbonzwa, zvatakachengeterwa.” Munoziva zvandinofunga? Ko tinga—tingazobvuma sei chinotsiva kana chimwe chinhu chinongova chekunyepedzera, iwo matenga azere nezvemazvirokwazvo, Simba rechokwadi raMwari, rinogona kusunungura munhu wemukati, rinogona kutiitira chimwe chinhu? Mwari vakuropafadzei. Zvino, pane zvinhu zvakawanda kwazvo.

61 Handina kumbokuudzai kuti bhuku iri munoriwana kupi, munoona. P O Box 325, kuJeffersonville. Uye kana mukanyora, honguka, vanoritumira kwamuri. Kana, kuti, kushanyira mumwe wemisangano, vachange vachiagovera.

62 Zvino, ndinotenda zvikuru nenguva iyi yakanaka yekuyanana. Zvino mangwanani ano ndanga ndichifunga nezvekanyaya kandaimbotaura kuChristian Business Men, pamusoro paZakeo. Vazhinji venyu makandinzwa ndichikataura, pamusoro pekuti muchinda mudiki uyu akanga asingatendi mukunzvera uku, uye, kwaShe. Hongu, ndinodaira, sevatinavo muzera rega-rega, unoona chechokwadi, wobva waona kutevedzera. Uye tinofanira kungochungirira nazvo. Asi vanofunga zvakanaka, vakadzikama nevarume veMagwaro vanonzwisisa, munoona. Izvo, isu, uye hazvina basa... .

63 Apo Mai Aimee Semple McPherson, pavakanga vari pasi pano panyika, mushumiro yavo, vanoti muparidzi wese

wechidzimai potse aipfeka mapapiro aye, sekuti, munoziva, kana magemenzi akadaro, vobva vatakura Bhaibheri.

⁶⁴ Ingotarisai anaBilly Graham vari munyika nhasi. Asi, munoziva, Billy Graham haakwanise kutora nzvimbo yako. Ini handingakwanise kutora nzvimbo yaBilly, iye haangakwanisi kutora yangu. Ini handikwanise kutora yako, uye iwe haugone kutora yangu. Iwe ndiwe sedungamunhu, muna Mwari. Mwari vakakuita nenzira yauri, nokuda kwechimwe chinangwa. Kana tikangwana nzvimbo yedu, uye tobva tagarapo. Kana tikaedza kuita chimwe chinhu chakasiyana, zvino, munoona, tave—tave munharaunda yemumwe munhu, zvinova izvo kuti tinoposhera mufananidzo waMwari.

⁶⁵ Tikatora sezvakaita Billy Graham munyika yemasangano nhasi, sezvaari iye, kana tingazviti zvichida kumutambi wenhabvu, ndiye ane bhora.

⁶⁶ Zvino mukaedza kutorera bhora munhu wenyu pachenyu, munenge muchingovhiringa chikwata chenyu. Chengetedzai munhu wenyu, munoona. Rambai muchimuchengetedza, dzivisai vamwe vose kuti akwanise kumhanya. Zvino tichagohwesa mushure mechinguva, uye Jesu achauya, uye zvino zvese zvichange zvapera. Ishe vakuropafadzei.

⁶⁷ Zvino ndichataura pamusoro pemurume uyu, Zakeo. Zvino ndakamuisa mumuti uyu, munoziva, aine mashizha ose akadhonzwerwa paari. Zvino paakaburuka kubva mumuti, akaenda kumba pamwe naJesu. Ini ndikati, “Akave nhengo yegungano reFull Gospel Business Men.” Saka kana paine mumwe Zakeo pano, mangwanani ano, ndinovimba kuti unotora rairo yakanaka iyoyo wova nhengo yeFull Gospel Business Men.

Unoti, “Full Gospel?” Hongu, changamire.

⁶⁸ Ndicho chinhu bedzi Jesu aizoparidza machiri, ringadai riri Vhangeri rakazara. Ndizvozvo chaizvo. Handizvo here? Chokwadi, nokuti iYe aiva Vhangeri racho rakazara. Ndizvozvo. Haikwanisa kuZviramba.

⁶⁹ Asi zvino ndine Magwaro mashoma akanyorwa pano, echidzidzo chidiki, chemazuva ese chidiki, zvinonditorera maminetsi mashoma, kana mukatsungirira neni. Asi tisati taita izvi. . . Zvino, muruwadzano rwedu ruduku rwekuungana, nekutaura pamusoro pemaoko echitsere, mubhaketi, nezvimwe zvakadaro, zvino ngatimboisai zvimwe zvose izvi parutivi, uye tongofunga kuti tave kusvika pakujairana. Uye, uye tinoda zvino kupinda muchikamu chakadzama cheShoko.

⁷⁰ Ngatikotamisei misoro yedu zvino, patiri kuswera kwaRiri. Nokuti, hatina kodzero yokuswera kuShoko, tisina kutaura neMunyorori waro, kutanga.

⁷¹ Takakotamisa misoro yedu, maziso edu akavharwa, uye ndinovimba kuti moyo yedu yakakotamiswa pamwe nemisoro yedu. Handizive, ndakasimudza maziso angu uye ndakatarisa pamusoro peungano, kana paine mumwe munhu pano angati, nokusimudza maoko avo, “Hama, mushumiri, ndirangarireiwo mumunamato. Ndiri—ndine chishuwo nhasi?” Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. Zvino Vanoona ruoko rwako. Vanoziva zviri pasi peruoko rwako, mumoyo mako. Dai Vazvipa, ndiwo munamato wangu.

⁷² Mwari vanodikanwa, tichitenda nechivakwa chino icho isu, vana veNyu vakaninipa, tinogona kuungana pamwe chete pasi pano, uye tongotaura uye tova nokuyanana, kuti tingova isu pachedu, apo tichizvipira kuna Kristu, uye tichishuva kuva saYe zvakawedzerwa. Tiri hama dzinoshumira dzakagara pedyo, Ishe, varume vanokwanisa zvikuru kumira pano kusvitsa Shoko iri kupfuura ini, muranda weNyu asina kufanira, asi mujenya wawira pandiri. Uye, Baba, ndinonamata, nhasi, kuti kana ndikataura chimwe chinhu chisinganyatsoenderana nekuda kwaMwari, kuti, ndisati ndachitaura, Mugovhara muromo wangu; sezvaMakaita pamiromo yeshumba, rimwe zuva, kuti dzisanetsa Dhanieri.

⁷³ Baba, tinoKukumbirai zvino kuti murangarire mumwe nomumwe, mushumiri wose. Uye nerumutsiriro rwuri kuitika muno muguta, Ishe, zasi uko kuAssemblies of God, ndinonamata, Mwari vanodikanwa, kuti Mutumire rumutsiriro rwakadaro imomo zvokuti guta rino rose rigozunguzwa neSimba raMwari, kuti mabhawa ose aya nevana vanodzungaira mumugwagwa vaunzwe kuChigaro chehumambo chaMwari, uye vazadzwe norunako rwaVo uye neMweya waVo. Zviitei, Baba veKudenga.

⁷⁴ Uye tinonamata kuti nhasi, kuti kana paine murume kana mudzimai, mukomana kana musikana, aunzwa mumusangano uno mangwanani ano, pano pasi pechengetedzo kubva kumazaya echando, kuti Mweya Mutsvene mukuru ushanyire moyo yavo uye ugotaura kwavari, nenzira isinganzwisisike. Zvichida vamwe vakatetereka, vakamboKugamuchirai, Ishe, asi zvino vakaenda kure; vazdoseiwo, Ishe, mangwanani ano.

⁷⁵ Uye tinonamatira gungano iri, naHama Earl nemudzimai wavo, uye nevamwe. Zviiteiwo, Ishe.

⁷⁶ Zvino timedurirei Chingwa cheHupenyu, patinovhura mapeji eShoko, nekuti tinoziva kuti Bhaibheri harina dudziro yepachivande. Asi, Mwari havadi isu kuti tidudzire Shoko raVo, iVo vanoZvidudzirira pachaVo. Vakati rimwe zuva, “Ngakuve nechiedza,” chiedza chikavapo. Vakati, “Mhandara ichava nemimba,” uye ikava nayo. “Uye mumazuva ekupedzisira Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose,” zvisinei kuti nyika yakati kudii, Vakazviita. Havadi kana mududziri.

Vanozvidudzirira Mashoko aVo pachaVo, nokuRiita kuti rive benyu nokuRisimbisa kuve saizvozvo. Huyai mumoyo yedu, Ishe Jesu, uye mutidudzirire, nhasi, zvinhu zvatinoshuvira. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amenii.

⁷⁷ Zvino muBhaibheri, kana mukavhura. Ndinotenda kuti handina kumbova nemharidzo yandakaedza kutaura pamusoro payo, yandisina kutanga ndaverenga Shoko. Nokuti, shoko rangu rinokundika, ndiri munhu. Asi Shoko raVo haringogone kukundika, iVo ndiMwari. Saka ngatichivhurai zvino tiwane chidzidzo chidiki, uye tichabuda mumaminitsi angangoita 30, 40, Ishe vachitendera.

⁷⁸ Pana Zvakazarurwa zvino, tinoda kuvhura kuchitsauko 3 chaZvakazarurwa, tichitanga nendima 14. Uye tinoda kuverenga chikamu chete, iMharidzo kuZera reChechi yeRaodhikia. Uye ndinotenda, uye ndi—ndinofunga kuti vanhu vazhinji vakazadzwa neMweya nevaverengi veBhaibheri vanotenda, vanogona kuti *ameni* kwazviri, kuti tiri muZera reChechi yeRaodhikia, nokuti ndiro zera rokupedzisira. Teererai Mharidzo yechinhano chechechi panguva ino.

Uye kumutumwa *wekereke* ye...Raodhikia nyora; Zvinhu izvi *zvanzi naAmeni, chapupu chakatendeka* uye *chazvokwadi, kutanga kwekusikwa kwaMwari;*

Ndinoziva mabasa ako, . . .kuti hautonhori kana kupisa: Ndaingada kuti dai waitonhora hako *kana kupisa.*

Saka *zvino* zvaunoti dziyei, *usingatonhori kana kupisa,* ndichakusvipa kubva *mumuro* mangu.

Nokuti unoti, ndakapfuma, uye ndine pfuma huru, uye *handishayiwi chinhu;* uye *usingazivi kuti unonzwisa urombo, . . .wakasuwa, . . .uri murombo, . . .uri bofu,* uye hauna kupfeka:

Ndinokupa zano kuti utenge kwandiri ndarama yakaedzwa mu. . .moto, kuti uve mupfumi; nenguo chena, kuti uve wakashonga, uye kuti *nyadzi dzako dzokusasimira kwako dzirege kuonekwa;* wozora meso *ako nechizoro chameso,* kuti uone.

Vose vandinoda, ndinovatsiura nokuvarova: *naizvozvo* iva neshungu, *utendeuke.*

Tarira, ndimire pamusuo, ndichigogodza: *kana munhu akanzwa izwi rangu, akazarura musuo, ndichapinda kwaari,* uye ndichadya *naye, naiye neni.*

Kuna iye *anokunda* ndichamuita *kuti agare neni muchigaro changu choushe,* kunyangwe *seniwo* ndakakunda, uye *ndikagara pamwe chete naBaba vangu muchigaro chavo choushe.*

Uyo ane nzeve, ngaanzwe zvinoreva Mweya kumakereke.

⁷⁹ Ishe varopafadze kuverengwa kweShoko iri. Zvino ndinoda kutora, kwechinguvana, kamusoro kenya kadiki, kanonzi, *Masuwo Mukati Mesuwo. Masuwo Mukati Mesuwo*. Zvino izvi zvakananya ku... *Masuwo Mukati Mesuwo*, mazwi 3. *Masuwo Mukati Mesuwo*.

⁸⁰ Ungati kwandiri, “Hama, zvichida pane vanhu 100 pano. Ipapo, hamufunge here kuti musoro wenyaya wakaita semudiki, apo muine mweya ingaita 100 pamberi penyu?”

⁸¹ Zvino, izvozvo, zvinogona kunge zviri zvechokwadi, mu—musoro wenyaya mudiki. Asi hakusi kukura kwemusoro wenyaya, kune—kune basa, ndeizvo zvauri. Ndeizvo—ndeizvo zvinotaurwa nemusoro wenyaya wacho, zvine basa.

⁸² Sekuti, ndinotenda maiva muLouisville, Kentucky, imwe nguva yapfuura, kamwe kakomana ka—kadiki kaive mukamuri yepamusoro, kachigwedebudza-gwedebudza zvako matirangi akudhara mukamuri yepamusoro iyi, ndokubva kasangana nechitambi chetsamba chakudhara. Zvino, chinhu chekutanga mupfungwa dzako, kanogona kuwana aizikirimu yekoni pane ichocho. Pane aizvitenga zasi kwemugwagwa, saka kakamhanya kachidzika nemugwagwa, nesimba rako rose. Uye kakati, “Mungandipa marii pachitambi ichi?”

⁸³ Anotenga akachiongorora, zvino chaita sechakadzimika-dzimika. Akati, “Ndinokupa dhora.”

⁸⁴ Ini zvangu, chakatengeswa zviri nyoreka. Angadai akachitengeswa nemasendi 5 chaiwo, uye otofara nekuda kwazvo, kuti atenge aizikirimu, asi chakatengeswa nedhora. Anotenga uyu akachitengeswa madhora 500. Uye pamberi apo, handizive chaizvo kwachakazoenda, chakapinda mumazana emadhora. Munoono, bepa diki rakanga risina zvakananya, raingovawo chibenga chekuti waisatombochinhonga kubva pasi. Asi, harisi bepa raive nebasa, ndeizvo zviri pabepa racho, zvine basa.

⁸⁵ Uye ndizvo zvazviriwo nekuverenga Shoko raMwari. Haringori bepa chete, kukosha kwebepa racho, kana kukura kwebepa racho, ndeizvo zvakanyorwa pabepa iroro. Uye shoko rimwe chete rakakwana kuponesa pasi rose, kana rikagamuchirwa nenzira iyoyo.

⁸⁶ Imwe nguva yakapfuura kwaivepo...Ndakaverenga imwe nyaya yemazuva emukuru wedu...Mumwe wemaPurezidendi vakurusa wandinofunga kuti nyika yakambova naye aiva—aiva Lincoln. Kwete nekuti aibva kuKentucky, asi nekuti aive munhu mukuru. Haana kuwana mukana wekudzidza zvakananya, asi zvakadaro paive—paive nechimwe chinhu mumoyo make, chimwe chinangwa.

⁸⁷ Ndi—ndinofarira munhu ane muono. Ndinofarira vanhu vane chimwe chinhu chavari kurwira, kwete kungogara chete, “Zvinoka, chero chichauya chichange chakanaka.” Oo, simuka uye uzviite! Zvino Lincoln haana kumborega dzidzo yake ichimira munzira; aiva nechimwe chinhu chokuita. Ndinofunga kuti Mukristu wese anofanira kunge akadaro, tsvaga chinangwa chako uye ugochiita.

⁸⁸ Nhengo yese yegungano rino, kwete kungoti, “Zvino, tine kudya kwemangwanani kamwe chete pamwedzi,” handizvo izvozvo, “kana kamwe Mugovera woga-woga.” Iva nechinangwa muhupenyu, chimwe chinhu chauri kuzoitira. Ngati... Mwari vakakuisa pano; ita chimwe chinhu pamusoro pazvo, nhengo imwe neimwe yechechi yega-yega. Pane rumutsiriro mudhorobha. Rumutsiriro irworwo rwuripo nokuda kwechinangwa. Ngatiwanei chimwe chinhu kubva parwuri. Ngatiitei chimwe chinhu nezvarwo.

⁸⁹ VaLincoln. Paiva nemumwe murume uyo... mukomana wechidiki, iye—iye akanga ari muhondo, uye—uye akanga ari—akanga ari mbwende, pakutanga kwacho. Zvino munguva yebasa, iye—iye—iye akabva panzvimbo yake yebasa; uye vakamuwanira mhosva, zvekutoti aifanira kuti agopfurwa. Uye, oo, iye... zvaityisa chaizvo. Zvino mumwe mukomana wechidiki aimuda zvakanyanya, akaenda kuna VaLincoln, kuti amukumbirire ruregerero. Ndivo vakanga vari Purezidhendi panguva iyoyo, muUnited States muno, saka akaenda kwavari kuti amukumbirire ruregerero.

⁹⁰ Zvino akati kwavari, vachiburuka havo mungoro yavo; zvino VaLincoln, varefu, vane ndebvu, vari vekumaodzanyemba, vari vatete. Zvino mukomana uyu akati, “VaLincoln, pane mukomana ari kuzofa, mumazuva 2 kubva zvino, nekupfurwa, nokuti akatiza munguva yehondo.” Uye akati, “VaLincoln, mukomana uyu haasi mukomana akashata. Asi mazipfuti ose aya achipfura, uye—uye nevanhu vachifa, akavhundutswa. Uye akavhiringidzika, zvokuti, akasimudza maoko ake ndokutanga kuridza mhere.” Akamhanya, akati, “Ndinoziva mukomana uyu.” Akati, “VaLincoln, zita renyu chete pabepa rino rinogona kumuponesa. Mungazviitawo here?”

⁹¹ Chokwadi, murume weChikristu uyu, akasaina bepa racho nekukurumidza kuti, “Waregererwa, iwe *Nhingi-nhingi*.” Vakasaina zita ravo, “Abraham Lincoln, Purezidhendi weUnited States.”

⁹² Mutumwa uyu ndokudzokera nekukurumidza chaiko. Ndokumhanyira kuchitokisi, akati, “Wasunungurwa! Wasunungurwa! Heino siginecha yaVaLincoln—yaVaLincoln. Wasunungurwa!”

⁹³ Akati, “Ko sei wauya kuzondinyomba iwe, uchiziva kuti mangwana ndiri kufa?” Akati, “Ribvise imo muno, uri

kungondinyomba chete.” Uye akaramba kurigamuchira. Akati, “Kwete, ini—ini handisi kurida ini.” Akati, “Uri kungoita chete...” Akati, “Dai iri ranga riri ra—raPhurezidhendi,” akati, “ringadai rine mu—mucherechedzo wenyika, uye raizova pabepa ravo chairo.”

Akati, “Asi isiginecha yavoka iyi!”

⁹⁴ Iye ndokuti, “Ndingaziva sei siginecha yavo?” Akati, “Uri kungondinyomba iwe, uri kungoyedza kundiita kuti ndinzwe zvakanaka.” Zvino akangotanga kuzhambatata, ndokufuratira. Mukomana iyeye akapfurwa mangwanani akatevera acho.

⁹⁵ Zvino mushure mekunge mukomana afa, uye zita raPhurezidhendi riri pabepa iri, kuti akanga aregererwa, zvino zvikazodii? Zvino vakaitonga mudare redzimhosva renyika. Uye heuno mutongo wematara edu edzimhosva enyika, anova mhedziso pamatara edu ose. Zvavanotaura dzimwe nguva, hatifariri sarudzo yavo, asi tinofanira kugara nayo zvakadaro, munoono, nokuti ndiyo mbambo yacho. Ndiyo mhedziso. Zvino, rakapa mutongo wokuti, “Ruregerero harwusi ruregerero kunze kwekunge rwagamuchirwa seruregerero.”

⁹⁶ Uye ndizvo zvakaita Shoko raMwari. Ruregerero kana Rikagamuchirwa seruregerero. Uye IShoko raMwari, Isimba raMwari, kune avo vanoRitenda nokuRigamuchira.

⁹⁷ Hazvina mhosva, wakaRitarisa, wobva wati, “Oo, rakavhiringidzwa-vhiringidzwa, kwakave nedudziro miriyoni, nezvose izvozvo.” Zvinogona kudaro kune mumwe munhu.

⁹⁸ Asi, kwandiri, Richiri Shoko raMwari, “Jesu Kristu mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.” Vanosungirwa kugara neShoko iroso.

⁹⁹ Zvino Vanofanira kuzotonga chechi, rimwe zuva. Uye kana Vakaitonga nekereke yeKatorike, zvavanotaura ivo kuti ndizvo zvaVachaita, zvino ipi yacho yemakereke eKatorike yaVachazoitonga nayo? Anosiyana imwe kubva kune imwe. Kana Vakaitonga nemaMethodisti, imi maBaptisti maparara. Kana Vakaitonga nemaPentekosti, imi mose maparara.

¹⁰⁰ Asi haVazoitongi nechechi. Bhaibheri rakati, “Vachatonga nyika naJesu Kristu, uye Kristu iShoko.” Saka munoono kuti hatina kana pembedzo, IShoko raMwari, raVanotitonga naro; uye zvisinei nekuti idiki zvakadii, shoko 1 rakakosha kune iZvi, yakadaro Zvakazarurwa 22:18.

¹⁰¹ Kutanga, ndichatangira muna Genesi. Mwari vakapa rudzi rwevanhu Shoko raVo, kuti vazvichengetedze naro kubva kurufu, chivi, nekusuwa, kana chero njodzi. Ngetani, yeMashoko aVo. “Usabata muti uyu, nokuti, nomusi waunoudya, zuva iroso uchafa.” Simba rose rengetani riri pachibataniidzo chayo chine hutera pane zvose. Zvino mweya yedu yakarembedzwa pamusoro pegehena, takabatirira pangetani iyi; kutyora

1 chazvo, ndizvo zvoga zvaunofanira kuita. Evha haana kumbotyora mutsara wese, akatyora Shoko rimwe, kubudikidza naSatani. Ndiko kwaive kwekutanga kweBhuku.

¹⁰² Pakati peBhuku kwakauya Jesu, ndokuti, “Munhu haangararami nechingwa chete, asi neShoko rimwe nerimwe.” Kwete chikamu chawo, rimwe chete pano nepapo, asi, “Shoko rose rinobuda mumuromo maMwari.”

¹⁰³ PaAkanga afa, akamuka, uye Akaenda Kudenga, uye akadzokazve ndokupa Johane. . . izvo Akataura ipapo mushure merumuko rwaKe. Akati, “Ko kana. . .” Akati, “Chii chichaitika kumurume *uyu*?”

¹⁰⁴ Jesu akati, “Zvinei newe kana akararama kusvikira Ndichiuya?” Vachiziva chaizvoizvo kuti hausi hupenyu hwake hwaizodaro, asi shumiro yake yaizopfuurira mberi. Zvino Akamusimudza, muchitsauko 4 chaZvakazarurwa, ndokumuratidza zvinhu zvose zvaizouya, zvatiri kurarama mazviri, kunyange kusvika pagwaro raverengwa iri nhasi.

¹⁰⁵ Zvino pachitsauko 22, chitsauko chekupedzisira, ndima 18, Akati, “Ani nani achabvisa Shoko rimwe kubva muBhuku rino, kana kuwedzera shoko rimwe kwaRiri, chikamu chake chichabviswa muBhuku reHupenyu.” Maona? Saka tinotenda kuti munhu anorarama neShoko rose raMwari. Ndinozvitenda uye ndinoziva kuti ichokwadi. Rive diki zvakadii, hazvina basa. Zvinongotora shoko rimwe chete, kuzviita.

¹⁰⁶ Ndichifunga pamusoro pekuva kwangu mudiki nekusareva chinhu, ndichiona kuti shamwari dzangu zhinji dzekuCanada dzigere pano. Ndinorangarira ndaiva kuCanada apo King George. . . Avo vandakawana mukana wekuenda kunonamatira, pavakapodzwa, vaine multiple sclerosis iyoyo; zuva iroro yaitambudzika, nechirwere che sclerosis, uyewo vaiva nedambudziko remudumbu, ronda remudumbu; sekuziva kwenyu vazhinji vekuCanada, nevemuAmerica, zvakare. Asi nokuvaona vachipfuura vachidzika nepo, vakagara mungoro iyoyo, ivo—ivo vakanga vari mambo. Vaizvibata samambo. Mambokadzi wavo ane runako akagara pedyo navo, akapfeka rokwe rake rebhuruu, uye pavaidzika nemigwagwa.

¹⁰⁷ Zvino shamwari yangu, neni, takanga takamira pamwe chete. Zvino ngoro iya payakapfuura nepo, akangotendeudza musoro wake ndokutanga kuchema. Ndakaisa ruoko rwangu pabendequete rake, ndikati, “Chii chanetsa?”

¹⁰⁸ Akati, “Hama Branham, havoka vachipfuura mambo wangu namambokadzi wavo.” Zvino, nda—ndaigona kuzviyemura izvozvo.

¹⁰⁹ Saka ndakafunga, “Kana munhu wekuCanada, ari pasi pemukuru wehurumende, kwete mukuru wehurumende, asi achiriwo zvakare mukuru wehurumende, yeEngland, uye mambo achipfuura nepo, zvichigona kuita kuti munhu

wekuCanada acheme, ogotendeutsa musoro wake ogochema, zvichazovei patichaona Mambo wedu?” Uye kufunga nezvazvo, chikamu chedu isu chichava chaMambokadzi.

¹¹⁰ Zvino vana vese vakaburitswa muzvikoro, vana vadiki, vakapiwa mureza mudiki, weBritain. Mureza weCanada unodaizwawo nerimwewo zita. Hama Fred, mureza weCanada unonzi chii? [Hama Fred Sothmann vanoti, “Union Jack.”—Mupepeti] Union Jack. Asi vakavapa mureza mudiki, weBritain, kuti vaninire. Zvino mambo wakati achipfuura, vadiki vese vakamira panze, vachininira mureza wavo—wavo muduku, uye vachidanidzira kuna mambo. Zvino—zvino kwaiva nemabhendi airidza, *Muari Chengetedzai Mambo*, paaifora nemumugwagwa.

¹¹¹ Oo, dai wangokwanisa kuwana mu. . . Waizova nechiratidzo chezvazvichazova parumuko ipapo!

¹¹² Zvino pavakarairwa, vadiki ava, kuti vachidzokera kuchikoro pakangopera ku—kuratidzwa uku, uye vadiki vachidzokera, chimwe chikoro chakashaya kamwe kasikana kadiki. Zvino vakaenda kwese-kwese, kunotsvaga kasikana aka, vachikwira nekudzika nemumigwagwa. Zvino, pakupedzisira, kuseri kwebango renhare, kwainge kwakamira kasikana, kadiki, kwazvo, kapfupi, kachingochema neshungu.

¹¹³ Zvino, mudzidzisi akamusimudza uye. . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “Chii chanetsa? Ko hauna kuona mambo here?”

Akati, “Hongu, ndaona mambo.”

Akati, “Ko—ko hauna kuninira mureza wako here?”

Akati, “Hongu, nda—ndaninira mureza wangu.”

Akati, “Saka, manje, uri kuchemei?”

¹¹⁴ Akati, “Munoonaka, mudzidzisi, ndiri mudiki kwazvo, vamwe vanga vakamira pamberi pangu, vanga vakuru. Zvino ndaninira mureza wangu, asi haana kuuona.” Zvino akavhiringidzwa nazvo. Zvinoka, zvinogona kunge zviri izvo kuti King George haana kuona kasikana kadiki aka, muchimiro chako. Anogona kunge asina kuona moyo wake wekuda nyika, uye nemanzwiro aaiita kwaari. Aive mupfupi kwazvo.

¹¹⁵ Asi hazvina kudaro naMambo wedu! Oo, chinhu chidukusa chatinoita, Anochiona. Uye Anoziva zvinhu zvacho chaizvo nemifungo iri mumoyo yedu, chero zvatinoita, kuti zvidiki sei. Uye tinoMushumira sei? Patinoshumirana mumwe kune mumwe. Kana ndisingakude, ko ndingaMuda sei? Maona? “Zvamunoitira kuvaduku vaNgu ava, mazviitira iNi.” Maona?

¹¹⁶ Ndeizvo—ndeizvo zvinhu zvidiki zvatinosiya zvisina kuitwa, imwe nguva, zvinodambura ngetani yese, munoonaka, uye zvotiita kuti tiende takasununguka, tichingova nemufungo wesangano, uye tokanganwa nezvezvinhu zvidiki izvi izvo chaizvo zvinova zvinhu zva—zvakanakosha. Zvose, Shoko rose raMwari, rinokosha.

Hapana rimwe raRo rinogona kusiirirwa. Tinofanira kutora Shoko rose raRo, nemanyorerwo chaiwo aRakaitwa.

¹¹⁷ “Ndimire pamukova,” akadaro Jesu, muZera rino reRaodhikia, “ndichigogodza.” Macherechedza here, zera roga rechechi raAkadzingirwa kunze kwechechi yaKe? Mamwe mazera ose echechi, Akanga ari mukati mechechi. Kuburikidza nemumaMethodisti, nemaLutherani, nevamwe vakadaro, Akanga ari mukati, muchechi. Asi pano apa Ari kunze, zvitendwa zvedu nezvimwe zvakanga zvaMubuditsa muchechi. Asi Akamira kunze ikoko, achiri kungogogodza, “Uyo anonzwa uye ozarura mukova, Ndichapinda mukati naye, ndodya naye, ndomupa ruponeso rwemeso ake, ne—nenhumbi, nekumupa pfuma yeKudenga; uyo achaNdinzwa ndichigogodza.”

¹¹⁸ Ndafunga kuti ndaigona kufunga nezvezita reuya akadhirowa mufananidzo uya, akapenda mufananidzo, waro, wekunge ari pamukova. Apo iye... Munoziva, mifananidzo yese mikuru kutanga inofanira kupinda nemumutsara, kana kuti, muhora yevatsoropodzi, usati waturikwa muHoro yeMukurumbira. Mufananidzo iwoyo wokutanga zvino waizoita mamiriyoni emadhora.

¹¹⁹ Asi, munoona, zvakaita seChechi, inofanira kupfuura nemuhoro yevatsoropodzi. Yatinopfura nemo. Uchadaidzwa kuti “muumburuki mutsvene,” uchadaidzwa zvese-zvese. Asi kana ukangogara uri panzvimbo yako muna Kristu, zvino nerimwe zuva Ahatiendesa kuHoro yeMukurumbira. Asi chekutanga tinofanira kumira tichitsoropodzwa. Ndipo pakamira hudiki hwedu, ndipo pahunoratidza. “Uyo asingagoni kutsungirira pakurangwa mwana wehupombwe, uye haasi mwana waMwari.” Hazvina mhosva kuti akajoinha chechi zvakadii, uye nechero zvaakaita, achiri, kana asingakwanisi kutsungirira pakurangwa, ndeweupombwe, uye haasi mwana chaiye waMwari. Asi mwana chaiye, wechokwadi waMwari haana basa nezvinotaurwa nenyika, zvimwe zvese zvinozotevera mushure. Ane pfungwa dzake pana Kristu, uye zvinobva zvatoringana. Hongu. Chero zvinenge zvanzi naKristu aite, anozviita. Chero kupi kunoenda Gwayana, vari pamwe naRo, chero kupi. Uyezve unoona kuwonekwa kwaKe, Hupo hwaKe, nezvaAnoita. Anogara aine vanhu vaKe, Mwenga waKe. Ari kufambidzana naWo. Rimwe zuva kuchava neMabiko eMuchato.

¹²⁰ Uye anopenda mifananidzo uyu, zvisinei, pawakapfuura nemune vatsoropodzi, boka revatsoropodzi vakaungana pane anopenda mifananidzo uyu. Handisi kukwanisa kurangarira zita rake. Ndiri kuedza kufunga nezvaMichelangelo, asi aive muvezi wechivezwa chaMosesi. Asi handisi kugona kurangarira zita rake. Asi, zvisinei, akati, “Mufananidzo wako wakanaka kwazvo,” akati, “Handina chandinogona kutaura ndichipikisa mufananidzo uyu.” Akati, “Nokuti, Akabata mwenje muruoko rwaKe, zvinoratidza kuti Anouya, zvakare, murima gurusa

rehusiku.” Akati, “Uye zvakare Ari pamusuwo, nemusoro waKe, nzeve yaKe, kuti Arege ku . . . kuva nechokwadi chekusapotsa kudana kunonzwika zviri kure-kure. Akarerekera nzeve yaKe kumusuwo, uye Ari kugogodza pamusuwo.” Akati, “Asi, munoziva, changamire, pane chinhu 1 chamakakanganwa mumufananidzo wenyu.”

121 Uye anopenda mifananidzo uyu, zvakamutorera hupenyu hwese kuti aupende, akati, “Chiiko chandakakanganwa, nhai changamire?”

122 Akati, “Zvisinei nekuti Anogogodza zvakadini, munoona, makakanganwa kuisa chokuvhurisa gonhi. Hapana chokuvhurisa gonhi pamusuwo.” Kana mukacherechedza musuwo uyu, hapana chokuvhurisa gonhi pauri.

123 “Oo,” akadaro anopenda uyu, “Ndakatoupenda saizvozvo. Munoona, changamire,” akati, “chokuvhurisa gonhi chacho chiri mukati. Iwe ndiwe unovhura musuwo wacho. Ndiwe unovhura musuwo.”

124 Oo, munhu anogogodzerei pamusuwo wemunhu? Ari kuedza kuti apinde. Ari kuedza kupinda mukati. Anogona kunge aine chimwe chinhu chaanoda kukuudza kana kutaurirana newe. Ane mashoko kwauri. Uye ndicho chikonzero vanhu vachigogodza pamusuwo wemumwe. Vane chikonzero chekuzviita. Hazvigone kungoitika pasina kana chikonzero. Haungaendi kumba kwemumwe munhu kunze kwekunge paine chikonzero chekuendako; kana pasina chimwe chinhu, chekushanyira, kumusvitsira mamwe mashoko, kana chimwe chinhu. Pane chimwe chikonzero chekuti munhu aende kunogogodza pamusuwo wemumwe munhu.

125 Pese pane mubvunzo, panofanira kuva nemhinduro. Hapangavi nemubvunzo pasina mhinduro. Saka ndizvo zvatinarisa muBhaibheri, mibvunzo iyi yezuva rino, Bhaibheri rine mhinduro. Uye Kristu ndiye Mhinduro yacho.

126 Zvino, vanhu vazhinji vakakosha vakagogodza pamasuwo, mukufamba kwenguva yehupenyu, uye vazhinji vakagogodza munguva dzakapfuura; uye ipapo zvichida, nguva dzikaramba dzichienda, kuchava nevamweve vakawanda, vanhu vakakosha.

127 Zvino, chinhu chekutanga, zvichida, kana mumwe munhu akagogodza pamukova wako, kana waikwanisa, waiverevedza wovhura keteni, kuti uone kuti ndiani aripo.

128 Kana wakabatikana, sezvatinozviti tiri nhasi uno, “Kubatikana zvekutadza kuenda kuchechi; kubatikana zvekutadza kuita *izvi*. Uye, munoziva, chechi yangu haitendi mumhando yezvinhu zvakadaro.” Uye, munoona, takangoti budei mugwara zvisvishoma, dzimwe nguva, kubva paShoko.

129 Asi ukavhura keteni, zvino unobva wada kuona kuti ndiani akamira ipapo. Uye kana ari munhu akakosha, nekukurumidza unomhanyira kumusuwo.

130 Zvino ngatidzokerei shure zvisihoma, uye totora vanhu vashoma vakagogodza. Ngatidzokerei shure tofunga nezvaFarao muEgipita, mazana mazhinji amakore akapfuura. Ko dai—dai Farao, mambo weEgipita, akauya kumba kwemumhu wekumaruwa? Uye wekumaruwa uyu achinge asinganyatsowirirani naFarao, uye asingatendi maitiro ake, uye asingawirirane naye. Uye—uye, asi hepano pamire Farao, akamira pamukova wemu—muvaki nezvidhinha kana mukanyi wedhaka, sezvatingavadaidza, zasi muEgipita. Zvino ovhura keteni rake, zvino hoyo Farao mukuru amire pamukova. Uye ari kugogodza; nyemwerero pachiso chake. [Hama Branham vanogogodza pane chimwe chinhu—Mupepeti] Handiti, wekumaruwa uyu anovhura musuwo, obva ati, “Pindai, Farao mukuru, muranda wenyu akaninipa ngaawanirwe nyasha pamberi penyu. Kana pane chimwe chinhu mukati meimba yangu, ndinongova senhapwa yenyu, Farao. Mandiremekedza pamusoro pehama dzangu. Mauya kumba kwangu, ini ndiri mumhu murombo. Munoshanyira madzimambo chete ne—nevaremekedzwa, nevanhu vanokosha. Uye ini handina chinokosha pandiri. Asi imi—imi mandishanyira, mandiremekedza, Farao. Chiiko chingaitwa nemuranda wenyu akaninipa?” Hazvinei kuti Farao aizokumbira chii, kunyange kuhupenyu hwake, aizochipa. Chokwadi. Kuremekedzwa.

131 Kana, toti semuenzaniso, mushakabvu Adolf Hitler, paakanga ari mutungamiri weGermany. Tomboti dai akaenda kuimba yemusoja? Uye boka riya remasoja madiki eNazi akadzika musasa ipapo, uye, chokutanga munoziva, zvinoka, mumwe munhu ogogodza pamusuwo. Zvino musoja mudiki obva ati, “Aa, handisi kunzwa zvakana mangwanani ano! Mudzimai, vaudze kuti vaende havu.”

132 Zvino obva averevedza kumusuwo, zvino ovhura keteni. Oti iye, “Murume wangu! Murume wangu, chitosvetuka, nekukurumidza!”

“Chii chaitika? Ndiani akamira ipapo?”

“Hitler, mutungamiri weGermany!” Oo, ini zvangu!

133 Musoja mudiki iyeye anosvetuka kubvapo, opfeka hanzu dzake, nekukurumidza, uye omira akati mbikiti. Ofamba achienda pamusuwo, okiinura musuwo, obva avhura musuwo, uye oti, “Kwaziwai Hitler!” Munoono, akanga ari munhu mukuru, pamazuva ake ari muGermany. “Chiiko chandingaita?”

134 Kana dai akati, “Enda unosvetukira kumawere uko,” angadai akazviita. Sei? Hapachina, hapana munhu akakosha zvikuru ipapo muGermany, mumazuva emaNazi, kupfuura Adolf Hitler. Akanga ari munhu mukuru. Uye iye...Uye,

rukudzo rwakadini, kana achingoshanyira vatungamiriri vemauto nevanhu vakuru, asi heuno ari pamusuwo wekamusoja kadiki! Oo, zvirokwasvo rwaizova rukudzo rukuru kwaari.

¹³⁵ Zvinoka, zvino, ko kuFlagstaff? Tichazviunza pedyo nesu. Ko kana masikati ano, kuti—kuti Purezidhendi vedu, VaJohnson, L. B. Johnson, ko kana vakaburuka mundege, kunze kuno kune imwe nzvimbo? Uye zvino tose tiri muboka rimwe chete revanhu. Tese tiri varombo. Zvichida mumwe ane basa riri nani zvishoma, pamwe imba iri nani zvishoma, asi, shure kwezvose, tingori vanhu. Asi ko kana vakauya kumba kwenyu zasi kuno, pamwe akaninipisa pakati pedu, uye ogogodza pamusuwo; zvino iwe woenda kumusuwo, hapo pamire Purezidhendi L. B. Johnson? Handiti, kungazove kukudzwa kukuru. Unogona kusawirirana naye, mune zvevatongerwo enyika. Asi unenge uri munhu aremekedzwa, kunge uina Purezidhendi weUnited States amire pamusuwo wako. Umbori ani kana kuti ndimbori ani? Zvino hapo pamire Lyndon Johnson pamusuwo wako! Kunyange hazvo iwe ungave muSocialist kana muRepublican, kana kunge usingawirirane naye zvakananyanya, asi zvakadaro kungave kuri kukudzwa chaiko.

¹³⁶ Unozivei? Nokuti izvo wapihwa rukudzo urwu, handiti, terevhizheni yaizozviisa paskirini manheru ano. Chokwadi. Mapepanhau mangwana aizova nemisoro yenyaya imomo, muno mubepa reFlagstaff, kuti, “*John Doe*. Purezidhendi weUnited States akabhururukira muFlagstaff nezuro, asina kudanwa, ndokungodzika, asina kana kokero, ndokugogodza” pamusuwo wako iwe. Akaninipa! Purezidhendi iyeye anozova nezita rekuve munhu akazvininipisa, achitori munhu mukuru sezvaari, kuuya kumusuwo wangu kana wako; isu hatisi kana chinhu, obva aburuka kuzotaura nesu.

¹³⁷ Handiti, unofamba uchidzika nemugwagwa, uye woti, “Hongu, ndini munhu wacho. Purezidhendi vakandishanyira.”

¹³⁸ “Rambai mumire, regai nditore wenyu—nditore mufananidzo wenyu. Nyatsonditarisai. Zvino unotaridzika sei paunofamba uchienda?” Unozova munhu akakosha chaizvo. Chokwadi.

¹³⁹ Ko kana mambokadzi weEngland akauya, kunyangwe iwe usiri pasi pehutongi hwake? Asi kwaizove kuremekedzwa kune vamwe wenyu imi madzimai kutandadza mambokadzi weEngland, kunyangwe musiri pasi pehutongi hwake. Asi, zvakadaro munhu mukuru chaizvo, ndiye mambokadzi mukurusa pasi rose, panguva ino. Zvirokwasvo, anotori, tichitaura pane zvevatongerwo enyika. Asi kana akakukumbira kamwe kanhu kakashongedza madziro ako, kaunokoshesa zvikurusa, waizokapa kwaari. Kungava kukudzwa kwaari kuti uzviite. Chokwadi, ndiye mambokadzi weEngland.

¹⁴⁰ Uye waizokudzwa, naPurezidhendi. Uye munhu wese aizotaura nezvekuninipa kwamambokadzi weEngland, achibhururuka kuzoona mumwe mudzimai muFlagstaff, munhu mudiki wepasi-pasi. Zvino mapepa aibva azvinyora, uye nhau dzaizozvibuditsa.

¹⁴¹ Asi, munoziva, Munhu anokosha kupfuura vose panguva dzose, Jesu Kristu, anogogodza pasuwo redu. Zvino Anorambwa, kupfuura madzimambo ose nemadzishe ayo akambovapo. Ndizvozvo. Uye unogona kuMugamuchira wobuda wotaura chimwe chinhu pamusoro pazvo, nyika yekunze inozokuseka pachiso chako. Hapana nhau dziri kuzo. . .

¹⁴² Ndianiko angauya kumba kwako, mukuru angadarika Jesu Kristu? Ndiani angagodza pamusuwo wako, mukuru kudarika Jesu Kristu? Ndiani angagona kuita izvozvo? Mwanakomana waMwari, ndiani angagodza pamba pako, ndiani angave akanyanya kukosha? Uye zvakadaro Anogogodza, zuva nezuva. Uye kunyangwe ukatoMugamuchira, unonzi mupengo. Saka, munoono kuti nyika inoziva sei vari vayo? Ndizvozvo. Asi zvino haAizouya kunze kwekunge Aine chikonzero chekuuya.

¹⁴³ Uye unofunga here kuzvininipisa kwaPurezidhendi Johnson, kana mambokadzi weEngland, kana chero munhu mukuru upi zvake, kwaizoratidzirwa sei, sekuzvininipisa kwomunhu mukuru iyeye anokosha kugogodza pasuwo rako iwe!

¹⁴⁴ Ko kuzoti kuzvininipisa kweMwanakomana waMwari? Tiri vanaani kunze kwekuva vatadzi, vane tsvina, “vakaberekerwa muchivi, vakaumbwa mukusarurama, vakauya munyika vachitaura nhema?” Zvino Mwanakomana waMwari ouya kuzogogodza pamusuwo wedu.

¹⁴⁵ Zvino, mambokadzi weEngland anogona kukukumbira kuti umuitire chimwe chinhu. Anogona kutora chimwe chinhu kubva kwauri. Ndizvo zvinogona kuitwawo naPurezidhendi, vanogona kukukumbira kuti uite zvinhu zvawanga usingade kuita. Vanogona kukukumbira pfuma yawanga usingadi kusiyana nayo, uye yaisazoreva kana chinhu, kwavari ivo chete.

¹⁴⁶ Asi Jesu ari kuunza chimwe chinhu kwauri paAnogogodza. Ari kuunza ruregerero. Usarwuramba. Nekuti, sekutongwa kwazvakaitwa mumatare edu muno, ndizvo zvazvichawawo muHumambo hweKudenga. Kana Akagogodza ounza ruregerero, iwe worwuramba, wofira muzvivi zvako, uchaparara; kunyange wakava nemukana wekugara mumusangano wakadai, kunyange wakava nemukana wekuve murumutsiriro, kana kucheche kwako, uye ukanzwa mufundisi wako achiparidza shoko reEvhangeri, uye ukava ne. . .Unoti, “Hongu, ndakanga ndiripo.” Zvichida, iwe, zvakaoma kutaura zvese zvaungagona kutaura. “Ndakanzwa kuimba kwacho. Ndakanakidzwa nako. Ndakanzwa zvapupu zvacho. Zvaiva zvechokwadi.” Asi wakaRiramba.

147 Ko dai ndaiva jaya ndowana musikana wechidiki; ari tsvarakadenga, ari Mukristu? Aizoita... Aiva pazvese achikodze... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Haukwanise kuwana mhosva paRiri, asi unofanira kuisa parutivi tsika dzevanhu. Unoti, “Oo, ndinotenda kuti Ndizvozvo. Ndaona, zvazo...” Asi unofanira kuRigamuchira. Iwe... Zvino mudzimai iyeye anova chikamu changu. Zvino unova chikamu cheShoko, chinova Mwenga. Kana Ari Shoko, Mwenga unenge uri Shoko riri Mwenga. Munoono, mazvirokwazvo chaiwo! Munoono, unofanira kuRigamuchira. Waizoti... Unogona kutaura zvaunoda, unogona kuganza naPurezidhendi; asi kazhinji kana jana raJesu rasvika pamukova wedu, tinongoMuramba. Munoono, hatidi kana nechekuita naYe. Tinoti, “Haiwa, rimwewo zuva.”

148 Ko kana ukagogodza pasuwo remumwewo munhu? Zvino ngatimboshandurai mufananidzo wacho kwekanguva. Ko kana ukanogogodza pasuwo remumwe munhu, uye uine chimwe chinhu chavo? Uye, shure mazvose, ivo vari kwauri sezvaungava iwe kuna Mwari; zvinoka, kana ukadaro, handiti, zvakanaka, asi hapana zvimwe zvauri kuda. Saka paunogogodza pamusuwo wemumwe munhu, ivo vodongorera nepahwindo, vobva vavhara keteni; kana kuti kuuya kumukova, vobva vati, “Mozouya imwe nguva!”

“Zvino, ndingada...”

149 “Handina nguva yacho mangwanani ano!” Unoziva here zvawaizoita? Zvichida zvimwe chetezvo zvandaizoita ini, uye nevamwe vose, hawaizodzokera zvakare.

150 Asi kwete Jesu. “Ndimire, uye ndinogogodza,” kuramba achigogodza. [Hama Branham vanoramba vachigogodza pane chimwe chinhu—Mupepeti] Maona? “Uyo anorambotsvaga,” kwete anotsvaga. “Kurambotsvaga! Uyo anorambogogodza!” Kugogodza, kugogodza kuenderera mberi, kurambogogodza! Munoono, “Uyo anorambotsvaga, uyo anorambogogodza, zvicha...” Kwete kungo...

151 Semufananidzo wemutongi asina nduramo. Mudzimai akaenda achida kutsvirwa, kutsiva, asi haana kukwanisa kukuwana. Iye... Akaramba achingogogodza nekupoterera. Uye ndokuti... “Kungoti mudzimai abve paari, ndichatsiva muvengi wake.”

152 Ko kuzoti Baba veKudenga vangaita nepakuru zvakadii? Munoono, tinofanira kunge tiri isu tiri kugogodza pasuwo raVo. Aifanira kunge ari Adhamu achimhanya achikwira nekudzika mubindu, achidanidzira kuti, “Baba! Baba, Muripi?” Asi pane kuti—pane kuti zvidaro, vaitova Mwari vaimhanya vachikwira nekudzika mubindu, “Mwanangu! Mwanangu, uripi?” Munoono, zvinongoratidza zvati. Tinogara tichihwanda, pane kuti tibude pachena tozvireurura. Tinoedza

kutiza, tohwanda kuseri kwechimwe chinhu. Ndiwo hungori hunhu hwemunhu, tinahwo saizvozvo. Hongu, changamire.

¹⁵³ Waizopa vanhu ava zvakanakisisa zvawaiva nazvo, zvose. Asi hawaizo, iwe—iwe—iwe hawaizogamuchira Jesu. Handisi kureva iwe, asi ndinoreva vanhu pano.

¹⁵⁴ Kana kuti zvimwe ungataura izvi, ungati, “Muparidzi, ndakatozviita izvozvo. Nda—ndakangovhura moyo wangu ndokurega Jesu achipinda. Ndakazviita makore 10 apfuura. Ndakazviita makore 20 apfuura.” Zvino, zvinogona kunge zviri izvo chaizvo, asi ndizvo zvoga zvawakaita here? Maona?

¹⁵⁵ Ndinoda kukubvunza zvino. Kana waizokoka chero ani zvake mumba mako, uye kana wapinda pamukova, mumwe munhu akukoka kuti upinde, waro, oti, “Pindai.”

¹⁵⁶ “Hongu, ndine chinangwa, ndichabudawo kunze kweguta uye ivai munoremekedzwa, munona.” Ndiyo nzira iyo vanhu vazhinji vanogamuchira nayo Kristu. “Ndicha...ndi—ndiri wechechi. Ndiri wenzvimbo huru *Yakati-ikati* zasi kuno, uko kunova naChiremba Ph. LL., munoziva. Uye ndiyo chechi hurusa. Meyu anoendako, nezvose, munoziva. Ndi—ndiri wechechi iyoyo.” VanongoMutendera kuti apinde, kusvika pakadaro. “Hongu, ndichaMugamuchira,” munona, kuti ndiwane cheviri.

¹⁵⁷ Asi zvakadini zvino Jesu paanouya mumoyo? Vanhu vazhinji vanoMugamuchira nekuda kwekuti havadi kuenda kugehena. Asi kana Jesu auya mumoyo mako, Anoda kuva Ishe. Kwete Muponesi chete; asi Ishewo, vakare. *Ishe* ndihwo “hutongi.” Anopinda mukati ku—kuzitora hutongi.

Zvino unoti, “Ndizvo here, Hama Branham?” Chokwadi.

¹⁵⁸ Ko kana—kana ndikakukoka kumba kwangu, uye wopinda pamukova? Uye wogogodza pamusuwo, zvino ndotarisa panze, ndoti, “Hongu, pindai. Kana muchikwanisa kundibatsira, zvakanaka, pindai henyu. Asi zvino, pamunopinda zvino, handidi kuti mungopinda pese-pese mumba mangu. Chingomirai ipapo pamusuwo!”

¹⁵⁹ Rangarirai, musoro wedu wenyaya unoti “masuwo” mukati mesuwo. Zvino, mukati memoyo wemunhu mune masuwo madiki akawanda, uye masuwo madiki iwayo anovhara zvinhu zvakawanda. KungoMutendera kuti apinde, handizvo zvoga, paAnopinda.

¹⁶⁰ Kana ndichinge ndapinda mumba mako, kana uchinge wandigamuchira pamusuwo, handiti, kana ukati, “Pindai, Hama Branham. Ndafara kwazvo kukuonai!”

¹⁶¹ Ndinozoti, “Zvino, mukana mukuru kwandiri kupinda mumba menyu!”

162 “Oo, mungauyewo here kuzogara pasi? Hama Branham, pindai kwese mumba medu, sunungukai zvenyu!” Oo, ini zvangu!

163 Ndinoenda kufiriji, ndozvitorera rimwe remazisangweji makuru, rakada kuita sezvizi, ndobvisa bhutsu dzangu, uye ndopinda mubhedhuru ndorara. Uye ndaizova nejubheri rechikafu cha—chairo, munoona. Sei? Nokuti ndanzwa kugamuchirwa. Makandigamuchira. Naizvozvo ndaizozvियemura kana mandigamuchira.

164 Asi kana ndaizopinda mumba menyu, uye mondiudza kuti, “Mirai pamusuwo ipapo, zvino, musaite zvekungoenda kwese-kwese!” Handinganzwe kugamuchirika zvakananyanya. Ungadaro here? Kwete, munoona, hawaizonzwa kugamuchirika. Mumwe munhu okukoka mukati, uye oti, “Zvino chimbomirai! Hongu, pindai, asi mirai ipapo!”

165 Zvino, pane suwo diki paunopinda mumoyo wemunhu. Tichangotaura pamusoro pemashoma awo, munoona. Hatina nguva yekupfuura nemumasuwo ese aya, nekuti kune mazhinji awo. Maona? Asi, toti, maminetsi 10 anotevera, ngatitaurei nezvemashoma, masuwo 3.

166 Zvino, kudivi rekurudyi remoyo wemunhu, paunopinda pamusuwo, pane suwo diki kudivi rekurudyi, uye rinonzi, mukati imomo, suwo rekuzvikudza. Oo, ini zvangu! “Usaende uchinopinda pasuwo iroro!” Havadi Ishe imomo, pasuwo iroro, rinova kuzvikudza. “Ndiri munhu mukuru chaizvo ini. Ndine . . . Oo, hongu, zvino tarisai, ndinokuudza, ini—ini . . .” Munoona, kuzvikudza ikoko. “Musapinde ikoko!” Zvino, haAkwanise kunzwa kugamuchirwa chero bedzi iwe uchigara wakavhara suwo iroro rekuzvikudza.

167 Anofanira kukunipisa. Munoona, ndizvo zvaAnouyira. “Munoreva kundiudza kuti ndinofanira kudzika zasi ikoko ndo—ndoita sevamwe vese?” Zvinoka, hausungirwe kuti udaro, ndicho chokwadi ichocho. “Zvino, ndinokutaurirai, munofunga kuti ndingazodii kana ndaenda kumusangano webhizimu nguva inotevera? Ndingazodii kana ndikasangana nemukuru wangu—wangu wekubasa mangwana? Uye kuti, ndozobatwa neMweya iwoyo pandiri, uye ndosvetuka ipapo, ndiri pakati pekuita basa rangu, ndotanga kutaura nendimi, oo, zvingazondinyadzisa. Kwete, garai kure napo ipapo!”

168 Munoona, hezvoka izvo, munoona. Ehe, unorega Jesu achipinda, unojoinha chechi uye woisa zita rako, wogamuchira Jesu seMuponesi wako; asi ko kuti ave Ishe wako, paAnenge aine hutongi hwakazara? Kana Ari Ishe, Anazvo zvose, ndezvaKe, iwe—iwe wakazvipira zvizere kwaAri zvino.

169 Asi kakuzvikudza ikoko. “Oo, munoreva here, kwatiri isu madzimai, kuti tiri kuzofanira kurega vhudzi redu richikura?” Zvinoka, ndizvo zvaAkataura. “Tiri kuzofanira kusiya

zvekupenda nzara here, kana zvinhu izvi zvekupenda kumeso?" Ndizvo zvaAkataura. "Asika, munofunga kuti boka rangu rezvekusona rinozoita sei? Vachanditi ndiri wechinyakare." Saka, chingogara nekuzvikudza kwako. Enderera mberi. Achamira pamusuwo, ndipo pega paAnongogumira.

¹⁷⁰ Asi kana wagadzirira kuvhura suwo iroro, rega Apinde, Anokuchenesera, zvikabudura zvichabuda zvichinoenda mubhini remarara, nezvekupendesa kumeso zvinodzokera kubhini remarara, uye mugeri wevhudzi achafa nenzara kana ari anongogera vhudzi remadzimai chete, kune mutendi chaiye.

¹⁷¹ Zvino woti, "Izvozvo hazvigoni..." Oo, hongu, zvinodarowo, zvakare. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Ndizvozvo. Munoono, pane shoko diki ipapo, rausingade kuti Abate-bate.

"Manjeka, mufundisi wangu!"

¹⁷² Handina basa nezvakataurwa namufundisi. Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri, "Zvinonyadzisa kuti mudzimai adaro."

¹⁷³ "Zvino," unoti, "tinofanira kuzvidzidziswa zvinhu, Hama Branham, kuti tingawana sei Mweya Mutsvene, uye kuti tingava sei *izvi, izvo*." Unozodzidza sei algebra kana usingazive maABC ako? Hautozivi kuti unoita sei, kuzvibata se, kuita semumwe, kupfeka semumwe. Zvinonyadzisa kuona vakadzi ava mumugwagwa nhasi.

¹⁷⁴ Ndakapinda mune imwe nzvimbo nezuro, apo, oo, vamwe vechikwata chakatsveyama vakapinda. Ivo, varume vaiva nevhudzi kumeso kwavo, rodzika uye rorembera richidzika nekumusana kwavo, vaine zvakaita senhumbi dzevakadzi sedzokutuhwinisa, sezvinopfekwa nevana vaduku kuchikoro, vakapfeka mazibhutsu mahombe ekare, muromo wakashama zvishoma. Unotoona kuti dzaiva nhubu. Ndokupinda imomo saizvozvo, ndokuti, "Tiri ma French."

¹⁷⁵ Ndiani chaizvo munyika angapinza basa murume akadaro mubhizimu rake? Vanorarama sei? Uye ndakaona vakomana vashoma chaivo vakagara neche apo... Vanobva kuyunivhesiti zasi uko, kunobva ma beatnik aya, kana ndinotenda kuti ivo vanozviti *ma bugs* kana *ma beatles*, kana zvimwe zvinhu zvakadaro, zvimwe zvezvinhu izvozvo zvinobva kuEngland. Zvino imomo saizvozvo, ndiani angapinza basa murume akadaro kuti amushandire? Mungaise here murume akadaro mubhizimu renyu, imi vanamuzvinabhizimu? Kana ungaradaro, uri, pane chimwe chinhu, hausati wasvika pedyo zvakakwana neMuchinjikwa.

¹⁷⁶ Tarisai madzimai aya ari mumugwagwa, uye zvinonyadzisa! Pamwe tudzimai tusina mhosva twakapfeka tuhembe tudiki-diki utwu, munoono, manje, zvinonyadzisa, mataridzikiro avo. Zvino, unoti, "Nhai, amai, muri kuita hupombwe."

177 Vanoti, “Chimbomira ipapo, mujaya! Ndinotongova nehunhu sezvandi. . .” Zvinogona kuva saizvozvo, mupfungwa dzako iwe. Uye zvinogona kuva saizvozvo, zvichiratidzwa kunyangwe nekuongororwa nachiremba, kuti ungave uri.

178 Asi, rangarira, paZuva reKutongwa, uchapindurira pamusoro pekuita hupombwe. Jesu akati, “Ani naani anotarisa mukadzi kuti amuchive atoita hupombwe naye kare mumoyo make,” uye ndiwe wazviratidza kudaro kwaari. Munoono kuti dhiyabhore akavapofomadza sei? Zvinotsverudza. Zvinonyadzisa. Munoono, ivo—ivo vane mweya. Mweya unoitira izvozvo. Mweya usiri mutsvene.

179 Asi Mweya Mutsvene wechokwadi unoitira kuti mukadzi apfeke zvine hunhu uye ataridzike kuva mutsvene.

180 Mudzimai wangu akati kwandiri, imwe nguva, takanga tichidzika nemugwagwa, uye takaona mumwe mudzimai akanga akapfeka dhirezi, kunyika kwedu uku. Chaiva chinhu chinotoshamisa kwazvo, munoono, hakuna maPentekosti akawanda ikoko. Saka, takaona kuti anga akapfeka dhirezi. Zvino mudzimai ndokuti, “Billy,” akati, “Ndinoziva vamwe vemadzimai iwayo. Vanoimba mumakwaya zasi kuno mumachechi aya.”

Ndikati, “Chokwadi.”

Akati, “Zvinoka, uye ivo vanozviti Makristu?”

Ndikati, “Mudiwa, honaka. Unoona, hatisi. . .”

Akati, “Sei vanhu vedu. . .?”

Ndikati, “Honaka, mudiwa, hatisi verudzi rwavo—rwavo zvachose.”

Akati, “Chii?” Akati, “Ndeve muAmerica ka ava.”

Ndikati, “Hongu, asi isu hatisi.”

Akati, “Hatisi?”

Ndikati, “Kwete.”

181 Ndikati, “Pandinoenda kuGermany, ndinowana mweya wekuGermany. Pandakaenda kuFinland. . .” Kukamuri yekugezera inodziiswa kumusoro uko, vazhinji venyu imi vechiFinnish munoziva, madzimai ndiwo anogezesa varume. Saka, ndiwo mweya wechiFinnish iwoyo. Vanhu vakanaka zvikuru, asi, unoono, kwese kwaunoenda, unowana mweya wenyika iyoyo.

182 Unopinda muchechi uye wotarisa mufundisi, kana ari anopengereka chaizvo uye achingoenderera, ungoro inenge iri zvimwe chetezvo. Maona? Vanotoredzera mweya wemumwe nemumwe panzvimbo yeMweya Mutsvene.

183 Ndicho chikonzero tine dzidziso yakatsveyamiswa yakawanda kwazvo yeBhaibheri. Pane kuti vadzoke kuhurongwa hwepakutanga, vakatora mweya werimwewo

sangano. Maona? Asi kwavari hapana zvavanoziva nezveShoko sezvaRaiva mumazuva apo Jesu akauya, achizivisa Evhangeri yemazvirokwazvo yechokwadi. Vakati, “Iye idhimoni. NdiBherizebhabhu.” Maona? Asi ndipo paunozviwana.

¹⁸⁴ Iye ndokuti, “Zvinoka, saka, isu hatisi vanhu vemuAmerica, tiri chii?”

¹⁸⁵ Ndakati, “Humambo hwedu ndehweKumusoro.” Unoona, takasununguka, takazvarwa patsva. Humambo hwaMwari huri mukati mako. Munoono, itai sekumusoro Uko, muri vamiririri vanobva Ikoko. Ndakati, “Tiri vagari pano, vanogara pano munyama. Asi, mweya yedu, tiri vafambi nevatorwa.” Tiri vatorwa kunyika zvino, kunyange nyika yedu pachedu, nokuti takagamuchira kokero payakagodza pamwoyo yedu, kuti tive chikamu chaKe, Shoko raKe. Uye Shoko rinotigadzirisa, rinotiita kuti tirarame uye rinotiita kuti tizvibate seMakristu.

¹⁸⁶ Imwe nguva yapfuura, kuMaodzanyemba, kanyaya kadiki. Kwaiva namambo...kana, mutengi. Vaitengesa nhapwa. Maiva munguva ye—yerusarura, zvino vaiva nenhapwa kuMaodzanyemba. Vaive...Vaipfuura nepo vachidzitenga, sezvaungaita motokari yakamboshandiswa, kubva pane dzakawanda.

¹⁸⁷ Zvino, ini ndiri musanganisi, zvachose...Ndinoreva mupatsanuri. Ndiri mupatsanuri. Nekuti, handina basa nekuti vanokakavara zvakadii, haugone kuve Mukristu uye wova musanganisi. Ndizvo chaizvo. Mwari vanotopatsanura marudzi aVo. Vanopatsanura vanhu vaVo. “Budai pakati pavo!” Ivo vari...Ivo mupatsanuri. “Musatombo...Musabata zvinhu zvavo zvisina kuchena!” Vakabuditsa Israeri, rudzi irworwo rwemaJudha, kubva mumarudzi ose, ose ari pasi rose. Ivo mupatsanuri.

¹⁸⁸ Asi handitendi kuti chero munhu zvake anofanira kuve nhapwa. Mwari vakagadzira munhu; munhu akagadzira nhapwa. Handitendi kuti munhu anofanira kutonga pamusoro pemumwe, chero rudzi, ruvara, kana chero chinhu.

¹⁸⁹ Asi pane rusarura, Mwenga waKristu wakapatsanurwa kubva kune mamwe machechi ose, uye ndizvozvvo chaizvo: chechi yepanyama, neChechi yepamweya; chechi yepanyama, Chechi Shoko. Zvagara zvakadaro. “Jesu akauya kune vekwaKe, asi vekwaKe havana kuMugamuchira; asi avo vose vakaMugamuchira!”

¹⁹⁰ Saka ava, vaive vatengi, vatengesi vaiendako vonotenga nhapwa idzi. Imwe nguva kwaiva nemumwe akauya kumunda mukuru, zvino akadzitarisa. Nhapwa dzaive dzakarohwa zvakaomarara, nezvose, munoziva. Vakanga vari kure nekumusha; havaizombodzokera zvakare. Mabhunu, maHollander, vakanga vaenda kundovatora, vakauya navo kuno ndokuvatengesa. Uye havaizomboona baba zvakare, amai

zvakare, havaizomboona vana vavo zvakare. Vaivaberekesa mumwe nomumwe; vaitora murume muhombe, vomuberekesa nemukadzi muhombe, abviswa pamudzimai wake iye, kuti vaite nhapwa dzakakura. Oo, Mwari vachavaita kuti vazvipindurire nokuda kwazvo rimwe zuva! Ndizvozvo. Izvozvo hazvina kunaka.

¹⁹¹ Sezvakataurwa naAbraham Lincoln pane imwe nguva, paakaburuka muchikepe uko muNew Orleans, akabvisa ngowani yake yakareba. . .

¹⁹² Akaona vatema 3 kana 4 vaduku, vachiuya zasi, vakamirapo vasina kupfeka shangu, pavaiva va. . . Mhou yakanga yarara pasi ndoku—ndokubvisa chando pasi, vakanga vakamira mushure mokupinza mombe. Tsoka dzavo diki dzakare dzakatsemuka, dzichibuda ropa. Vaiimba, “Une shangu, ndine shangu, uye vana vaMwari vose vane shangu.”

¹⁹³ Paakaburuka muchikepe zasi ikoko, akafamba achienda kudanga remombe, pakanga paine wechitema mukuru kwazvo akamira kumusoro ikoko, vachimurova, vachiongorora moyo wake. Uye vachimumhanyisa achikwira nekudzika nenzira, netyava kumashure kwake; vobva vaongorora moyo wake, kuona kana anga akagwinya. Mudzimai wake ane mumhu mudiki anonzwa urombo akamira ipapo, vana 2 kana 3 mumaoko ake *saizvozvo*; kuti vamutengese, kuti agoberekesa mukadzi ane mumhu mukuru. Mutana Abraham Lincoln akazviisa pasi pengowani yake. . . ngowani yake pasi muhapwa yake, *saizvozvo*, ndokurova chibhakera chake, akati, “Hazvina kunaka izvo! Uye rimwe zuva ndichazvirwisa, kana zvikatora hupenyu hwangu.” Zvino mhiri uko, mumiziyamu muChicago, mune rokwe rine ropa pariri, rakasunungura wechitema uyu kubva kune izvozvo.

¹⁹⁴ Uye ndinoti chivi nezvimwe zvinhu zvakaipa! Mwari vandibatsire kuzvirova, nevamwe vashumiri vose veEvhangeri. Takazvarwa takasununguka, vana vaMwari. Hatifaniri kuti chitendwa chero chipi zvacho kana boka rinotenda zvakatsauka zvitipinze muMubatanidzwa wemaChechi ePasi Rose, tiri vanhu vakaberekwa vakasununguka, muMweya Mutsvene, tine kodzero, takabuda muzvinhu zvakaita saizvozvo kuti tive maPentekosti. Ndizvozvo. Zvino takasununguka. Hatifanirwe kuti tive takasungirirwa kuzvinhu izvozvo zvakare.

¹⁹⁵ Asi mutengi uyu akati, achitarira nhapwa dzake, 100 kana dzakadaro, dzadzo, pamunda mukuru, akati, “Nhai!” Mumwe muchinda mudiki ipapo, havaitombomurova bodo; akabuditsa diti kunze, nechirebvu chake mudenga, ari pabasa rake chaipo! Akati, “Nhai! Ndinoda kumutenga.”

¹⁹⁶ Akati, “Oo, kwete!” Muridzi akati, “Haasi kutengeswa. Huh-uh.”

Akati, “Heya, inhapwa here?”

Akati, “Hongu.”

¹⁹⁷ Akati, “Saka, chii chinomuita kuti ave akasiyana kudaro?”
Akati, “Unomudyisa zvakasiyana here?”

Akati, “Kwete, vose vanodyira kunze kumabhodho uko, pamwe chete.”

Akati, “Ndiye mukuru wavo here?”

Akati, “Kwete, anongovawo nhapwa.”

“Zvino,” akati, “chii chinomuita kuti ave akasiyana?”

¹⁹⁸ Akati, “Unoziva, ndakambofungisa nezvazvowo, ini pachangu. Asi,” akati, “unoziva, munyika yokumusha kwavakabva, muAfrica, baba vemukomana uyu ndimambo werudzi. Uye kunyange ari mutorwa, anozvibata semwanakomana wamambo.”

¹⁹⁹ Oo, ndakafunga, chinhu chakadini kuChikristu! Madzimai, regai kupfeka nhumbi idzodzo dzakadaro! Varume, regai kutaura nyambo idzodzo dzine tsvina nezvinhu zvose izvozvo! Tiri vanakomana nevanasikana vaMambo. Pfeka samambokadzi, pfeka semu—mudzimai kwaye. Ita semurume kwaye, usarega vhudzi rako richikura kusvika zasi sezvizi. Bhaibheri rakati, “Zvakaipa (masikirwo anokudzidzisa) kuti murume ave nevhudzi refu. Uye zvinonyadzisa uye chinhu chakafumuka kuti mukadzi atombonyengereta nevhudzi rake rakagerwa.” Uye ko zvakadii neaya? “Chi—chinyangadzo kuti mudzimai apfeke nguvo yemunhurume.” Mwari vakuru vasingashanduke havashanduke. Asi zvakadaro nhasi hazvina hunhu sezvakaita nyika yedu yese. Zvinonyadzisa! Ngatiitei sevanakomana nevanasikana vaMwari. Ngatiramei saizvozvo. Tiri—tiri vanakomana vaMambo. Tiri. Tiri. Parizvino boka iri rehuyanga nemarara netsvina, pano, vanhu vanozviti “Makristu” uye vachiri kuita saizvozvo!

²⁰⁰ Asi rangarirai, takagodzerwa rimwe zuva, ndokuMuvhurira kuti apinde, kuzvikudza nezvose zvikaenda. Amen. Handina basa nezvavanondidaidza!

Oo, ndinodaira kuti ndingova hangu wechinyakare,
Asi Muponesi wangu aiva wechinyakarewo, zvakare.

²⁰¹ Ndizvo here? Makambonzwa rwiyo rwacho. Iva wechinyakare! Usaedza kutevedzera mumwe munhu. Iye ndiye Muenzaniso wako. Edza kuva saYe, uye Mweya uri mauri unozokubatsira kuita izvozvo. Ita kuti hupenyu hwako hufanane nehwaKe.

²⁰² Hongu, pane suwo ipapo. Ndinoda kudana rimwe suwo. Ndinovika pakuhuta-huta zvakananyisa. Pane rimwe suwo ipapo, riri pedyo nesuwo iroro, rinoenda nekudivi rerudyi, uye suwo iroro isuwo rehupenyu hwako hwepakavanda. Oo! Oo,

haudi kuti Ave nechokuita naro. “Zvino, kana ndichida kuenda kupati diki inonwiwa doro, zvinei neWe? Ichechi ipi ichandiudza zvandichaita?” Uh-huh, hezvoka izvo, munoona. “Chegumi chemuhoro wangu? Ndiani achandiudza zvekuita? Hupenyu hwangu hwepakavanda! Ndinoishandiraka mari iyi. Ndine hupenyu hwangu. Ndinopfeka zvikabudura kana ndichida. Ikodzero yangu yemuAmerica.” Ichokwadi ichocho. Chokwadi. Ndizvo.

²⁰³ Asi kana uri gwayana, uye usiri mbudzi, munoona, makwayana ndiwo aAri kutevera. Achapatsanurwa rimwe zuva.

²⁰⁴ Gwai rine makushe. Ndicho chete chinhu charinacho. Uye harigoni kugadzira makushe iwayo. Hatikumbirwe kugadzira chibereko cheMweya, asi kubereka chibereko cheMweya. Uye chero bedzi riri gwai, rinobereka. Haritomboita zvekugadzira. Zvizenga zvacho nezvese zviri mariri igwai, richaita makushe nekuti mukati maro mune zvizenga uye neadrenaline nezvinhu zvazvinotora kugadzira makushe.

²⁰⁵ Uye kana uri Mukristu, unorarama zvinodiwa neShoko. Handina basa nezvinotaurwa nemumwewo munhu. Hazvisi zvekumanikidzira kana chii zvacho, nekuwisira pasi chimwewo chinhu, kudhonza, kupombera. Uri Mukristu. Zvinotongoitika zvega kuti unobereka zvbereko zveMweya. Maona? Munoona, uye ndizvo zvazviri. Maona?

²⁰⁶ Asi, vanhu nhasi, havadi kuti uve nechekuita nehupenyu hwavo hwepachivande.

²⁰⁷ Chinhu choga chaunoita, ingovhura suwo rose riripo, zvino woti, “Pindai, Jesu.” Tarisa zvinoitika. Paunoona muBhuku, unofanira kuita *izvi*, unozviita. Sei? Uri gwai, pakutanga kwacho, ipapo.

²⁰⁸ Asi kana uchingoda kugara, wakaMuchengeta ari pamusuwo, wongoti, “Ndakajoinha chechi. Ndakanganakawo sewe. Munoona, ndakagamuchira Kristu.” Zvichida ndizvo chaizvo zvawakaita. Asi wakaMuita *Ishe* here? Maona?

²⁰⁹ Zvino, *Ishe* havangagadziri Bhuku remitemo votaura Shoko, vozouya voRiramba. Uye kana ukati une Mweya Mutsvene, uye Bhaibheri rotaura chimwe chinhu chekuti uite, zvino iwe woti, “Oo, handizvitende *Izvozvo*.” Chingorangarira, mweya iwoyo uri mauri hausi Mweya Mutsvene, nokuti iYe haakwanise kuZviramba. Ndizvozvo. Haakwanise kuZviramba. Akanyora Shoko, uye AnoRirinda, kuti agoRiita. Maona? Saka hausi Mutsvene. . .

²¹⁰ Iwoyo mweya, handitika, unogona kunge uri mwe—mweya wechechi, unogona kunge uri mweya wamufundisi, unogona kunge uri mweya wenyika, unogona kunge uri, handizive kuti chii, asi chero zvauri, unogona kunge uri mweya wesangano,

“Ndiri muMethodisti; ndiri muBaptisti; ndiri muPresbyteriani; ndiri muPentekosti; ndiri *izvi*,” ndizvo . . .

²¹¹ Pentekosti, zvino rangarirai, regai ndizvigadzirise, Pentekosti harisi sangano, Pentekosti chitiko chaunogamuchira. Imi maMethodisti, maBaptisti, maKatorike, nevose, munogona kuva nechitiko chePentekosti. Haukwanise kujoinha Pentekosti, nokuti hapana nzira yekujoinha nayo.

²¹² Ndararama mumhuri yekwaBranham kwemakore 55. Munoziva, havana kumbondikumbira kuti ndive wekwa Branham. Ndakazvarwa, ndiri wekwa Branham.

²¹³ Uye ndiko kuva Mukristu kwauri, unozvarwa uri Mukristu. Ndizvozvo, zvino.

²¹⁴ Oo, hupenyu ihwohwo hwepachivande! “Oo, ndinokuudzai, mufundisi wangu anoenda kumadhanzi aya, isu tinoita dhanzi yeTwist. Vanazvo . . .” Zvakanaka. Maona? “Usauye uchindiudza zvandinogona kuita nezvandisingakwanise kuita.” Zvakanaka, munoona, hauMubvumire kupinda.

²¹⁵ IngoMurega achipinda pane imwe nguva, wobva wadzokera kutwist kana kurock-and-roll, kana chero zvacho chauchaita, woona zvaunogona kuita. Haugone kuzviita. Murege apinde pane imwe nguva, zvino wotanga kupfeka zvikabudura, vamwe venyu imi madzimai.

²¹⁶ Ndinoziva kuti ndiri kukutorerai nguva yakareba, asi ndinoda kutaura chimwezve chinhu, kana zvakanaka, panyaya iyi.

²¹⁷ Ndinofunga kuti, musangano mukurusa uyo Ishe vakanditendera kuVaitira kwaive kuBombay, kwandakanga ndine vari kuma 500,000, asi, ne 200,000 nevanoraudzira mu—muAfrica, Durban, panhandare yemujaho. Masikati iwayo, ndakati, mushure mekunge vaona chinhu chikuru chinoshamisa icho Ishe vedu vane nyasha vakaburuka ndokuita, ndakati, “Mamishinari akakudzidzisa! Shoko, asi Shoko rinomutswa nokuitwa benyu. ZvaVanotaura zvinofanira kuva zvipenyu.” Uye—uyezeve paive nekupodzwa kwevanhu 25,000 kwaiitika panguva imwe chete, uye matutu nematutu ezvigaro zvekare ipapo; nemunamato mudiki mumwe chete uri nyore, vakange vangoona Mweya Mutsvene uchingo . . . Avo vanhu vaisatomboziva kuti ndivanaani uye nekwavanobva, ndizvo zvega zvavaida kuona. Maona?

²¹⁸ Zvino ndakabvunza, “Vangani vanoda kugamuchira Kristu?” Pakanga pane 30,000 vakamira netsoka dzavo, vechitema vakadzika midzi mutsika dzavo, vakatakura zvifananidzo.

²¹⁹ Chiremba Bosworth, Chiremba Baxter nevamwe, vakatanga kuchema. Zvino Hama Bosworth vakamhanya, vakati—vakati, “Hama Branham, rino izuva renyu rekugadzwa korona.”

220 Hama Baxter vakati, “Hama Branham, handizive, ndinofunga vanoreva kupodzwa kwepanyama.”

221 Mukomana uya akanga akapfugama nemawoko nemabvi ake. Zvino Mweya Mutsvene wakamuudza kwaanobva, zvakange zvaitika, ukati, “Uri kutau-...uri kufunga nezvemukoma wako, ari kumashure uko kungangoita hafu yemaira. Ainge akatasva mbudzi yeyero, ndokukuvara gumbo rake.” Ndakati, “Asi, ZVANZI NAJEHOVHA, apodzwa.” Hoyo mukomana uya ndokuuya, akabata madondoro mumaoko ake, *saizvozvo*. Uye zvikavatora maminetsi angangoita 20 kuti mauto avanyaradze.

222 Zvino mukomana uyu, aifamba nemaoko ake netsoka, *saizvozvo*, ari pasi, aisakwanisa kana kusimuka, asina kupfeka. Oo, ini zvangu, chinhu chakaipa kwazvo! Aifunga kuti ari kuuya ikoko kuvashanyi, munoziva, kuti aite seanoita matambiro e—ekumasango. Zvino ndakatora ngetani ndokuizunza. Ndikati, “Dai ndaigona kubatsira chisikwa icho chinonzwisa urombo, uye ndorega kuzviita, ndaizova ndiri. . . Handaikodzera kumira kumashure kuno. Asi,” ndakati, “Handikwanise kumubatsira. Asi zvino ndine chipo chidiki, ndinogona kungochidhonzera mugiya, chero hacho chingataurwa naShe.”

223 Zvino Ishe vakati varatidza, vakamuudza kuti aive ani, vakati, “Mai vake nababa vagere kunze uko, maZulu.” Uye ndokuti, “Vakaonda, zvisiri zvamazuva ese.” MuZulu anowanzoita anenge 136 kg, pamunhu mumwe. Saka vakabva vati, “Havasi zvamazuva ese. Asi mukomana uyu akazvarirwa mumusha weChikristu, nokuti pake. . .kurutivi rwerudyi, paunopinda pamukova, pane mufananidzo waKristu, muimba duku yehuswa.” Uye chaive chokwadi chaicho. Mai vake nababa vakasimuka. “Uye *ndiro* zita rake.” Ndizvo zvaakanga ari, nezvose. Havana kugona kunzwisisa. Ndakatarisa kumashure ndikamuona akamira, muchiratidzo ipapo, akatongotwasanuka zvakanyatsonaka. Haana kumbosimuka, muhupenyu hwake, akazvarwa akadaro. Ndakati, “Ishe Jesu vamupodza.”

224 Akanga asitombori mupfungwa dzake chaidzo, achiedza kuti, “haa, bhaa, bhaa, bhaa,” *saizvozvo*.

225 Zvino ndakabata ngetani, ndokuizunza *saizvozvo*. Ndakati, “Jesu Kristu, akupodza, mwanakomana. Simuka netsoka dzako.” Ipapo akasimuka. Misodzi ichiyerera, nepadumbu rake dema, paaidzika *saizvozvo*. Ndakaona vechitema 30,000 vakadzika midzi mutsika dzavo vachipa moyo yavo kuna Jesu Kristu.

226 Ndiri paKirabhu yeKiwani, ndakati, “Zvino, vakandiudza kuti ndaizova muumburuki mutsvene pandakasiya chechi yeBaptisti kuti ndigone kuyanana navanhu vose, vakati, ‘Zvinoka, uchava muumburuki mutsvene,’ ndakati. . .boka rehama dzangu dzechiBaptisti vakati.” Ndikati, “Makatumira

mamishinari imomo, kwemakore 150 adarika, ndakavawana vakadii? Vachiri kutakura zvimupunzo.” Ndikati, “Asi simba rekumuka kwaJesu Kristu, 30,000 vakagamuchira Kristu panguva imwe chete.”

²²⁷ Zvino ndinoda kuti kwamuri madzimai, munoziva here zvakaitika kumadzimai aya? Ndakati, “Panzvimbo chaipo pawakamira, Mweya Mutsvene uchakuzadza.” Zvino pavakasimudza maoko avo kuti vagamuchire Kristu seMuponesi wavo, uye pavakafamba vachibva ipapo; vakashama, zvino, pasina chimwe chinhu kunze kwechigamba chiduku, chijira, pamberi. Zvino vakati vafamba vachibva ipapo, vakapeta maoko avo sezvizi, nokuti vakanga vari muhupo hwevarume, mushure mokunge vagamuchira Kristu.

²²⁸ Zvino isu tingaita sei, hanzvadzi, tingaita sei munyika ino yatinoti tinotenda uye tiri Makristu, uye gore negore vanotowedzera kubvisa dzimweze? Apo, munhu iyeye asina kana kumbonzwa Zita raKristu, asi vakangoMugamuchira mumoyo mavo. Kwete, waisagona kuvaudza kuti havana kusimira, vaisazviziva. Asi vakazvifukidza sezvizi, kuti vafambe vachienda. Zuva rakatevera racho, kana 2, waizovawana vakapfeka mbatya, dzeimwe mhando. Oo, ini zvangu!

²²⁹ Pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Kumonyorotswa kwedzidziso yebhaibheri. Simba rekumuka kwaJesu Kristu, sezvaAkaita kumurume uyo ainzi “Rigiyoni,” takamuwana akapfeka uye ari mupfungwa dzake dzakakwana. Uye ndakatanga kutenda kuti mweya uri pavanhu unovaendesa mune izvozvo zvechiAmerica nechiFrench, nemarudzi ose ezvenyika nezvemachechi. Asi ngavambouya kuna Tenzi ivavo imwe nguva, uye vonzwa kugogodza ikoko pamukova, vachapfeka nhumbi uye voita semadzimai nevarume, uye vanozova Makristu akazvarwa patsva. Amen. Hongu.

²³⁰ Zvino ndapedza, maminetsi 20 kusvika kuti dzikwane 12:00, maminetsi mashoma chete—chete, regai ndicharike zvimwe. Mirai zvishoma, mamwe Magwaro, ndinoda kuvhura rimweze suwo. Zvingava zvakanaka here?

²³¹ Suwo rinotevera, kupinda imomo, nderekutenda. Munooni, hupenyu hwako hwepakavanda . . . suwo rekuzvikudza, hupenyu hwako hwepakavanda, zvino ngativhurei kutenda. Anongova mazhinji awo, munooni, asi ngatipindei mukutenda.

²³² Munoziva, imwe nguva yapfuura ndaiva muchipataro uye mumwe mudzimai achida kuitwa opareseni. Akandifonera, ndokuti, “Hama Branham, ndakadzokera shure. Mungandinamatirawo here?”

²³³ Ndikati, “Hongu, amai, ndingafara kudaro.” Ndakati, “Makadzokera shure?”

“Hongu.”

234 Ndikati, “Zvino ngatimbomirai zvishoma. Regai ndikuverengerei Magwaro.”

235 Paiva nomumwe mudzimai akarara ipapo pamubhedha, akanditarisa, zvisinganzwisisike chaizvo; iye, nemwanakomana wake angangoita makore 20, mumwewo Ricky wemazuva ese, uye akamirapo ipapo akanditarisa saizvozvo.

236 Ini ndikati, “Hongu, amai,” ndikati, ndakamuverengera Magwaro, “Kunyange zvivi zvenyu zvikaita somucheka mutsvuku, zvichachena sechando. Kunyange zvakatsvuka seropa, zvichachena samakushe.” Zvino pandakamuverengera izvozvo, ndakati, “Kana marasika gwara, munooona, makabva pana Mwari, asi Mwari havana kumbobva pamuri, kana kuti mungadai musiri kundidaidza.” Akatangwa kuchema. Ndikati, “Tichanamata.”

237 Mudzimai uya ari pamubhedha uri padivi, akati, “Chimbomira zvishoma! Chimbomira zvishoma ipapo!”

Ndikati, “Hongu, amai?”

Akati, “Vharai keteni iro!”

Ini ndikati, “Hamusi Mukristu here?”

Akati, “Tiri maMethodisti isu!”

238 Ndikati, “Zvinoka, izvozvo zvinei nechekuita nazvo?” Munooona, hazvina kusiyana nekungotaura kuti uri—uri mubhemhe, kana wanga uri mudanga renguruve, munooona. Ndikati, “Izvozvo hazvina kana chii chazvinoreva.” Maona?

239 Asi, munooona, ndipo pazvasvika, kuzviruramisa ikoko. “Izvozvo zvinopesana nekutenda kwedu!” Ndakati. . . “Hatidi kupodza kwaMwari muchechi yedu, kana mhando yezvinhu zvakadar.” Munooona, munooona zvandiri kureva? Munooona, havatendere kupinda nepasuwo iro. “Izvozvo zvinopesana nekutenda kwedu.”

240 Kune Kutenda kumwe chete. “Kutenda kumwe chete, Ishe vamwe chete, rubhabhatidzo rwumwe chete.” Kutenda ikoko!

Kutenda kwangu kunotarisa kwaMuri,
Imi Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzweiwo pandiri kunamata,
Bvisaiwo kusatenda kwangu kwese.

241 Chivi! Chivi, pane chivi chimwe chete, ndiko kusatenda. Munhu anonwa doro haasi mutadzi. Munooona, ichocho—ichocho—ichocho, munooona, hachisi chivi. Hachisi—hachisi chivi kunwa. Hachisi chivi kuita hupombwe. Kunyepa, kuba, ichocho hachisi chivi. Izvozvo zvibereko zvekusatenda. Dai chaizvo wanga uri mutendi, waisaita izvozvo, munooona.

242 Pane 2 chete, uri asingatendi kana kuti uri mutendi, munooona, mumwe wevaviri ivavo. Hauite zvinhu zvose izvi

nehurongwa hwezvinamoto zvakadaro, nekuda kwekungoti hausi mutendi; kana uri mutendi, iShoko raunotenda mariri, nokuti Kristu iShoko. Maona? Uye saka unongova asingatendi nekuda kwekuti unotenda imwewo tsika, kana dzimwe dzidziso dzakawedzerwa kuBhaibheri, kana zvimwewo, uye nezvinoitwa nemasangano. Asi mutendi chaiye anonyatsogara neShoko iroro. Uye Mwari vanoshanda chaizvo kubudikidza nemuShoko iroro, kubudikidza nemo chaimo kuRiita kuti rizadziswe, muchizvarwa chino chatiri kurarama machiri.

²⁴³ Uye zvino cherechedzai, uye unoti, “Oo, ini...Hama Branham, Ishe...” Zvino, zvakanaka, kwaiva nevaFiristiya vakawanda vasina kudzingiswa vakaenda imwe nguva, zvakare. Uye boka revaEgipita rakaedza kutevera Mosesi kuyambuka Gungwa dzvu—Dzvuku, asi pakupedzisira... “SaJane naJambure vakamisidzana naMosesi, zvino, tinoona zvimwe chete muzuva rekupedzisira,” Bhaibheri rakadaro.

²⁴⁴ Zvino toenda mberi zvishoma. Jesu akataura pano, muzera rino—rino, “Nekuti unoti, ‘Ndakapfuma, uye ndine hupfumi hwakawanda.’” Chingoonai zvatiri nhasi, kupfuma kwakanyanyisa kwati kwamboitwa nechechi! Uye, zvino, munoziva, imi maPentekosti munogona kutova vari nani chaizvo dai henyu maive kunze uko netamborini, muri pakona, sezvakanga zvakaita vanababa naanamai venyu? Asi mune machechi ari nani kupfuura mamwe ose zvino, ari kukura zvakanyanyisa pasi rose; asi uripi Mweya uya waMwari waimbova pakati pedu? Makasiya chinhu chemazvirokwazvo. “Nekuti munoti, ‘Ndakapfuma.’”

²⁴⁵ Rangarirai, iyi iPentekosti yairi kutaure nayo, nokuti zera rePentekosti ndiro zera rekupedzisira. Munoono, rumutsiriro rrose urwu rwatakava narwo, hapana rimwe sangano riri kutanga. Harisi kuzovapo. Ano ndiwo magumo. Gorosi raibva zvino. Rakabuda nemumashizha, negunde, nemuchikwande, uye rabuda kuve gorosi zvino. Munoono, hapasi kuzova nerimwe zvachose. Vakatangana Latter Rain diki, asi yakangowondomokera mukati; chimwe chinhuwo zvakare chichadaro. Vacha...Iri ndiro gorosi riri kuuya. Cherechedzai.

²⁴⁶ “Uye nekuti unoti, ‘Ndakapfuma, uye ndine hupfumi hwakawanda, handina chandinoshaiwa,’ uye usingazive kuti wakasuwa, unonzwisa urombo, uri bofu, wakashama, uye usingazvize; Ndinokuraira...” Oo, ini zvangu! “Ndinogogodza pamusuwo wako.” [Hama Branham vanogogodza pane chimwe chinhu—Mupepeti] “Raodhikia, Ndinogogodza pamukova wako, ndokuraira kuti uuye kwaNdiri, uye—uye utenge ndarama yakaedzwa mumoto; nguwo chena, kuti kushama kwako kurege kuonekwa.”

²⁴⁷ Bvisa zvinhu izvi, ugopeka sezvaunofanira, munoono, kururama kwaKristu, Mashoko. Kwete kururama kwangu;

kururama kwaKe!

²⁴⁸ “Zvino Ndinokuraira kuti—kuti uuye, kuzotora chizoro chemeso, kuti uzodze meso ako, kuti ugoona. Chizoro chemeso!”

²⁴⁹ Ndiri wekuKentucky. Ndakaberekerwa zasi mumakomo, uye taimbova nekanzvimbo kaduku pamusoro muzasi medenga remba. Uye isu vana takanga takwira pamanera ma—madiki emapango, ataikwira manheru ega-ega. Zvino tobva tarara. Vaitoisa chidimbu chekanivhasi pamusoro pedu kana kwanaya mazaya echando. Zvino, nyeredzi, zvimapuranga zvepadenga zvakare. . .

²⁵⁰ Vangani vanoziva kuti puranga repamusoro pemba kuti chii? Zvino, hama, sei ndisina kupfeka hovhorosi yangu kumusoro kuno? Ndiri kumusha chaiko, munoona. Zvino, mapuranga epamusoro pemba ekare!

²⁵¹ Vangani vanoziva matiresi yemashanga? Zvino chii chamunoziva! Ndafunga kuti ndanzwa manyukunyuku chaiwo ekunamata pane chimwe chinhu. Zvino, ndinofunga ndiri kumusha chaiko zvino. Zvakanaka. Uye hapana chimwezve chandaiziva kusvikira makore mashoma akapfuura.

²⁵² Vangani vanoziva kuti rambi rekare chii, girazi rerambi rekare, munoziva? Ndiwo aye aive nemwedzi mukuru, nezizi padivi. Vaive nekaoko kadukusa mumba, kaifanira kuchenesa girazi rerambi iri rekare, munoziva. Ndaiwanzotora chekurigezesa chekare, uye zvaibva zvamwaika pandiri; saka ndaitora girazi rerambi iroro ndoritenderedzera ipapo, kuti zvisamwaike. Chokwadi, chaizvo.

²⁵³ Zvino, sekuru vangu vaiteya mhuka. Mai vaamai vangu vaibva kumaruzevha. Vakaroora musikana muIndia wekumaruzevha emaCherokee ikoko kuKentucky neTennessee, munoziva uko, mupata wemaCherokee. Uye, ivo, ivo—ivo vaivhima nokuteya, nguva dzose, ndiyo yaiva—yaiva nzira yavairarama yavo.

²⁵⁴ Uye isu vana tirere kumusoro ikoko, handiti, dzimwe nguva kwaizotonhora chaizvo. Uye mhupo iyoyo yaiuya neipapo, taitonhorwa mumaziso edu, uye—uye maziso edu airamba akavhara husiku, munoziva. Amai vaizviti “maranga.” Handi—handizive kuti chii ichocho, asi chando chaipinda mumaziso ako, zvino aigwamba nechando. Zvino vaiti, “Mune maranga mumaziso enyu,” nokuda kwe—kwe, munoziva, mhupo yaivhuvhuta ichitenderera imomo, mhupo inotonhora yaiuya husiku. Maziso edu aizvimba zvokutozovharika.

²⁵⁵ Zvino amai vaiuyapo pamanera aya, mangwanani, pavainge vagadzira mabhisikiti. Vaiisa manyuchi egunde remapfunde patafura. Uye vaibva vati, “Billy!”

Ndoti, “Hongu, amai?”

“Iwe naEdward burukai.”

²⁵⁶ “Amai, handisi kuona ini!” Ndaidana munin’ina wangu, taimuti, “Humpy.” Ndakati, “Haasi kukwanisa kuona, zvakarewo. Munoono, maziso edu aita maranga maari.”

Vaibva vati, “Zvakanaka, mirai zvishoma.”

²⁵⁷ Uye sekuru, pavaibata jerenye . . . Vangani vanoziwa chinonzi jerenyenje? Ndizvo izvo, uye amai . . . Sekuru vaibata jerenyenje, voribvisa mafuta uye voaisa mugaba. Zvino mafuta aya ejerenyenje aiva mushonga unorapa zvose mumhuri yedu. Vaitipa pataibatwa nedzihwa rakaipa, aine turpentine maari, nemafuta emarasha. Tazvimedza kuitira kurwadza kwepahuro. Vobva vapisa mafuta ejerenyenje aya, vaiuya votikwiza maziso edu, maziso edu aibva avhurika. Munoono, aiva mafuta ejerenyenje aizviita. Maona?

²⁵⁸ Zvino, hama, hanzvadzi, takapfuura nemuchando chaicho, muchechi. Ndizvozvvo, mhopo inotora yakawanda yechinamoto yakapinda, munhu wese akabatwa nedziwa. Vanhu vazhinji vane maziso avo ese akavharika, uye kune Mubatanidzwa wemaChechi ePasi Rose mukuru uri kuuya, kumusoro kuno, uchakumanikidzai mose zvenyu kupinda mauri. Vari kubva paShoko iroro, mapoka edu ari kudaro. Ini ndine mungava webasa kuMharidzo; kwete kuti ndinge ndakasiyana, asi nokuda kwerudo. Rudo rwunogadzirisa. Dzokai! Garirai kure nechinhu ichocho! Imi hama dzinoshumira, handina basa nezvinoitwa nemapoka enyu, garai kure nawo! Garai kunze kwawo! Ndiwo munembo wechikara, garai kure nawo! Munoono, Jesu ari kugogodza muzera rino reRaodhikia. Munoono pavakaMuisa kunze? Ari kuedza kusvika kune dungamunhu, kwete—kwete masangano nemapoka evanhu. Ari kuedza kuwana mumwe *pano*, uye mumwe *apo*, uye mumwe *apo*, achiedza. “Vese vaNdinoda, Ndinoranga.”

²⁵⁹ Sehama diki yakave nechiratidzo pano, ndokuti yakava nechiratidzo. Uye ikati, “Ichi Chiedza chimwe chete ichi chaunogamuchira, chinokonzerawo rufu rwako, zvakare.” Maona?

²⁶⁰ “Vose vaNdinoda, Ndinoranga; shingaira, udzoke. Ndimire pamukova, ndichigogodza.” Zvino, tarisai, mafuta ejerenyenje apa haazombobatsira.

Asi kune Tsime rizere neRopa,
Rakatorwa kubva mutsinga dzaEmanueri,
Apo vatadzi vakanyura pasi pemafashamo,
Vanobviswa ose makwapa emhosva dzavo.

Mbavha iya yaifa yakafara kuona
Tsime iroro muzuva rayo;
Ipapowo ini, kunyange ndakashata saiye,

²⁶¹ Akavhura maziso angu, nechizoro chaKe chemeso. Mweya waKe wakaburuka ukadziisa Bhaibheri, chizoro chaKe chemeso. Ndaisakwanisa kuZviona. Ndaingovawo, mufundisi weBaptisti

wepanzvimbo. Asi rimwe zuva Akatumira Mweya waKe pasi, haAna kudziisa mafuta ejerenyenje, asi Akatumira Mweya Mutsvene nemoto! Kachizoro kemeso kadiki kakatsvaira paBhaibheri rangu—maBhaibheri angu...zvino ndaigona kuona neziso rangu, ndinoreva kutsvaira pamaziso angu kuti ndione Bhaibheri rangu. Uye ndikaona kuti, “Akanga ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Regai shoko rimwennerimwe remunhu rive renhema, uye raNgu rive rechokwadi. Ndimire pamukova, ndichigogodza.”

262 Imwezve nyaya diki. Tine nguva here? Hongu, hongu, ndobva ndaenda, munoono.

263 Kwakanga kune mutana wechitema zasi uko kuMaodzanyemba. Uye, mufundisi wake, ndaimuziva, mutana akaisvonaka. Taimuti Gabe. Zita rake ainzi Gabriel, zvino taingomuti Gabe. Iye nguva dzose...Mufundisi neni, isu—isu taienda kunovhima, kazhinji chaizvo. Akanga ari hama yechitema yekare, zvino taienda kunze kunovhima. Zvino saka mutana Gabe aifarira kuvhima kupfuura chero ani zvake wandati ndamboziva, asi aipotsa pakupfura. Saka, rimwe zuva mufundisi wake naye vakaenda kunovhima.

264 Uye taisakwanisa zvachose kuita kuti mutana Gabe ade kuenda kucheche. Aisatongozviita. Aisambouya kucheche. Akati, “Ah, ini handiende zasi uko kune vanyengeri.”

265 Ndikati, “Asi, Gabe, chero bedzi uri kugarira kunze, ivo vari vakuru kupfuura iwe. Uri kuhwanda seri kwavo, unoono.” Ndikati, “Uri kuhwanda kuseri kwavo. Iwe uri mudiki kwavari; vanotoendako uye votomboedza, unoono.”

266 Zvino saka akati, “Ndi—ndi—ndi—ndi—ndinofunga zvakawanda pamusoro penyu imi, VaBill. Asi,” akati, “Ndi—ndi—ndi—ndinoziva mutana Jones anoenda zasi ikoko, uye haasi chinhu; anoita zvekubheja, nezvose zvakadaro.”

267 Ndakati, “Zvakanaka, Gabe. Unoono, zvakakanaka. Asi, rangarira, Jones anofanira kuzvipindurira izvozvo; haufaniri kuti udaro, unoono. Kana ukangoenda...” Ndakati, “Une mufundisi akanaka.”

268 “Oo, Mufundisi Jones ndemumwe wevanhu vakanakisa kwazvo munyika!”

269 Ndikati, “Ngavave muenzaniso wako, kana usingakwanise kutarisa zvinopfuura izvozvo. Ngavave muenzaniso wako.”

270 Saka rimwe zuva Hama Jones vakati, vakatora mutana Gabe kunovhima, ndokuti, “Takawana tsuro neshiri dzakapfuura kuwanda, zuva iroro, pane zvataisakwanisa kutakura.” Ndokuti, “Takadzoka ava manheru.” Akati, “Mutana Gabe aiuya ari kumashure, uye akaremerwa, munoziva, saizvozvo.” Zvino mudzimai wake akanga ari Mukristu chaiye, akavimbika. Aiva nenzvimbo ipapo, mudzimai akazadzwa neMweya

Mutsvene, uye aigara ari panzvimbo yake yebasa. Saka aiva... Mutana Gabe aiuya ari kumashure, munoziva. Zvino Mufundisi Jones vakati vakatarisa-tarisa, vaiona, “Mutana Gabe akaramba akatarisa nepabendekeke rake, saizvozvo. Zuva richivira,” akati, “richinyatsodzika, kwava kutonhorera.” Vakati, “Mushure mechinguva,” vakati vaifamba havo, vakati, “mutana Gabe akauya. Akanga aine mupongoro wechifefe chake wakazara tsuro neshiri, nezvimwe zvakarememberapo.” Akati, “Akabhabhadzira mufundisi pabendekeke, ndokuti, ‘Mufundisi?’”

Vakati, vakacheuka, ndokuti, “Watii, Gabe, chii chanetsa?”

²⁷¹ Saka vakatarisa, zvino misodzi mikuru ichiyerera pamatama ake matema, apa ndebvu dzake dzakanga dzava kuchena. Ndokuti, “Mufundisi, ndanga ndichifamba pamahombekombe aya pano, kweinenge hafu yeawa.” Akati, “Ndanga ndakatarisa zuva iro richinyura.” Akati, “Munoziva, ndebvu dzangu idzi dzakachena, uye vhudzi rangu richishanduka,” akati, “munoziva, zuva rangu rava kunyurawo zvakare, mufundisi.”

²⁷² Vakati, “Ndizvozvo, Gabe.” Zvino vakabva vangomira ndokutendeuka, ndokuti, “Chii chiri kuitika newe?”

²⁷³ Akati, “Zuva rangu rava kunyurawo, zvakare.” Akati, “Munozivei?” Akati, “Ndatanga kufunga,” akati, “pandanga ndichifamba kumashure uko.” Akati, “Munoziva,” akati, “Ishe vanofanira kunge vachindida.”

Vakati, “Chokwadi, Vanokuda, Gabe.”

²⁷⁴ Akati, “Munoziva, ini ndinopotsa pakupfura mhuka.” Akati, “Hapana chandaikwanisa kurova, asi,” akati, “isu—isu tanga tichida nyama iyi chaizvo kumba.” Uye akati, “Chingotarisi boka guru remhuka dzaVandipa, shiri idzi netsuro idzi.” Akati, “Ndine dzinokwana kutichengeta vhiki rose rinouya.” Akati, “Vanofanira kunge vachindida, nekuti hapana chandinogona kurova, munoziva.” Akati, “Ndanga ndisingakwanise kudzirova, asi chingotarisiwo zvaVandipa.” Akabva ati, “Vanofanira kunge vachindida, kana kuti Vangadai vasina kundipa izvi.”

Akati, “Ndizvozvo.”

²⁷⁵ Uye akati, “Zvinoka, ndanzwa kamwe kakugogodza kasinganzwisike pasuwo rangu, zasi uko. Vandiudza kuti nditendeuke, vakati, ‘Gabe, zuva rako riri kunyura, zvakare.’” Akati, “Mufundisi, munoziva zvandaita, mufundisi?” Akati, “Ndaita vimbiso kwaVari.”

²⁷⁶ Vakati, “Gabe, ndinoda kukubvunza chimwe chinhu.” Vakati, “Imharidzo ipi yandakaparidza yakuita kuti unzwe saizvozvo?” Akati, mufundisi, kana vakati, “Zvino chimbomira zvishoma,” vakati, “kwaya yakaimba rwupi—rwupi—rwupi rwacho?”

277 Akati, “Oo, ndinoda chaizvo kuimba ikoko zasi kuchechi, mufundisi.” Akati, “Ndinoda mharidzo yose yamunoparidza, nokuti inobva chaimo muBhuku iro rakanaka, uye ndinoziva kuti ichokwadi. Asi,” akati, “zvanga zvisiri izvozvo.” Akati, “Vangogogodza, ndikatarisa-tarisa pano, ndikaona kunaka kwaVandiitira, zvaVandipa.” Akati, “Svondo mangwanani, ndichafamba ndichienda kumberi uko kwamunenge makamira.” Akati, “Ndichakupai ruoko rwangu rwerudyi,” akati, “nokuti ndatopa moyo wangu kuna Ishe, zasi seri kwechikomo chaiko uko.” Akati, “Ndichabhabhatidzwa, uye ndотора nzvimbo yangu padivi pemudzimai wangu. Uye ndichagara ipapo kusvikira Ishe vandidaidza kumusoro.” Munoono, akaita sekungotarisa kwese-kwese ndokuona kuti Mwari vakanga vamuitira zvakanaka chaizvo.

278 Ndiri mumishinari. Dai maikwanisa kutarisa nemumaziso andiri kutarisa nawo zvino, moonu nzvimbo yekuIndia, vanhu vadiki ivavo vane nzara, vanaamai vari kuziya nenzara mumugwagwa, vana vavo vaduku havachagoni kuchema zvachose, nenzara, uye chimbofungai zvatava nazvo pano nhasi. Tarisai mota dzamauya muri. Tarisai hembe dzamakapfeka. Tarisai kupfuma kwamakaita. Shamwari, hausi kunzwa here kugogodza kudiki ikoko pane imwe nzvimbo?

Ngatinamatei.

279 Nemisoro yedu yakakotamiswa, nemoyo yedu, apo nguva zvino iri kupera, yeanenge maminetsi 7 asara kusvika pakati pezuva. Hama yangu, hanzvadzi, sainzi inotiudza kuti pasara maminetsi 3 kusvika pakati pehusiku. Zvino kana ukangotarisa-tarisa, uye wombofunga kwechinguvana. Vana vako vadiki vagere ipapo pedyo newe. Kuti vangani vadiki vakaremara!

280 Tarisa mudzimai wako akanaka, hama, uye funga kuti vangani varume vane mamiriyoni emadhora, uye anoda mudzimai nemoyo wake wese, mudzimai wacho ari chigonamubhawa. Aizopa miriyoni yake kuti mudzimai iyeye amude nenzira yaunodiwa nemudzimai wako. Uye iwe, mudzimai, vangani madzimai . . . ?

281 Vangani vanamai pano mangwanani ano nevana vavo vaduku, vangani vanababa vane . . . ? Handiti, ini zvangu, pane varume vazhinji vakatarisa pamubhedha wemwana, kanhu kadiki kakaunyana, kanonzwisa urombo, kakaremara, uye tarisa kuti vana vadiki vakanaka zvakadii vaunavo. Maona? Uye vazhinji vachembera, pamwe . . .

282 O Mwari! Pane zvinhu zvakanaka kwazvo, kana mukangotarisa. Vanga vakatinakira kwazvo isu wemuAmerica. Zvino haugone kungonzwa here kuti unoda kuva nemushonga wekuzora mushoma, mangwanani ano, “Zarurai meso angu zvakati wedzerwei zvisoma, Ishe, svinudzai meso angu”? Sekuimba kwakanaka kwaitwa nehanzvadzi yedu, “Ziso raVo

riri pakadhimba, kangori kadhimba kaduku, uye ndinoziva kuti Vanonditarira.”

²⁸³ Zvino Vari kukutarira zvino. Muri kungonzwa here, zasi pane imwe nzvimbo, kugogodza kudiki sezvizi, [Hama Branham vanogogodza pane chimwe chinhu—Mupepeti], “Ndiri kushanya, mangwanani ano”? Rukudzo rukurusa rungamboitwa, kana uchikwanisa kunzwa kugogodza ikoko pamoyo wako.

²⁸⁴ Ungasimudza ruoko rwako here, woti, “Neizvi, Ishe, nerubatsiro rweNyu nenyasha dzeNyu, kubva nhasi zvichienda mberi, ndichagara pedyo neMi sekuziva kwandinoita kurarama. Ndizvo zvoga zvandinoziva kuKukumbirai”? Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei. “Nerubatsiro rweNyu nenyasha, nhasi, kubva nhasi zvichienda mberi, handife ndakakanganwa izvi.”

“Tarira, Ndimire pamukova, ndichigogodza. Kana paine munhu . . .”

²⁸⁵ Zvino, rangarirai, Akanga achigogodza kupi, padanga? Kwete. Pabhawa? Kwete. Ari kugogodza pai? Pachechi!

²⁸⁶ “Kana munhu akanzwa Inzwi raNgu, uye akazarura kwaNdiri, Ndichapinda uye ndichadya naye, uye iye neNi.”

²⁸⁷ Mwari vanodikanwa, mashoko madiki aya akapwanyika, akavhengana, mashoma ataurwa mangwanani ano, neimwe nzira Mweya Mutsvene ngauadudzire kumoyo yevanhu.

²⁸⁸ Zvino pane vazhinji, Ishe, pamwe kubva mune 100 ava vari pano pane vanhu 20 kana 30 vasimudza maoko avo. Handina nzira yekuziva nayo chaizvo zvavanoda, Ishe. Asi ndinoziva kuti pangosara maminetsi mashoma kusvika pakati pezuva, uye ndizvo zviriwo Kuuya kwaShe; asi, chando ichi chisati chanyunguduka kubva pasi, tinogona kutoshevedzwa, uye ino inogona kunge iri nguva ichachinja rose ramangwana kuti vachasiwa pano here kana kukwira kumusoro.

²⁸⁹ Mwari vanodikanwa, mukuzvininipisa tinogamuchira Jesu, tinogamuchira maShoko aKe ose. Tizadzeiwo, Ishe, tizadzei neMweya weNyu Mutsvene, kuti hupenyu hwedu hungobereka chibereko hwega. Zviiteiwo, Ishe.

²⁹⁰ Tiregerereiwo pakukanganisa kwedu kwakawanda. Oo, takazara nako, Ishe. Uye hatina chatinogona kupa, Ishe, nokuti, zvose zvatinazvo, ndiMi makazvipa kwatiri. Sezvakataurwa naGabe, mukanyaya katichangobva kutaura, “Mu—Munotida zvechokwadi, Ishe, kana kuti haMaizoita izvi.” Uye, kufunga kuti, vanhu ava vagara pano kubva mangwanani ano, vakagara pano kubva na 8 o’clock, maawa 4 avagara muno. VanoKudai, Ishe. Vanokudai. Zvino, Baba, Mungatumirawo here chizoro cheMweya Mutsvene, zarurai maziso edu. Dai isu . . .

²⁹¹ Ava vari muguta rino, dai vakamhanyira kurumutsiriro rwuya manheru ano, dai pakava nekudururwa kukuru! Zviiteiwo, Ishe. Dai rumutsiriro rwechinyakare rwatanga muno muguta. Zviiteiwo. Ropafadzai munhu wose ari kushanda, mumwe nemumwe wevaranda veNyu vari pasi rose, vari kushingaira. Ivaiwo navo, Ishe, uye muvabatsire.

²⁹² Zarurai maziso edu kuti tione, zvakawedzerwa nakuwedzerwa, kufanana naKristu. Zviiteiwo, Ishe. Tikanganwireiwo zvivi zvedu.

²⁹³ Uye zvino ava vasimudza maoko avo, Baba, ndinovaisa kwaMuri. Vagamuchireiwo. Zvino ndinotora paShoko reNyu chaiRo, Ishe, rokuti, “Denga nenyika zvichakundika, asi,” Makati, “uyo,” chinova chisazitasingwi, “uyo anonzwa Mashoko aNgu. . .” Ishe, anogona kunge anga akapwanyika uye ari nyore, asi mumwe munhu aanzwa. Iyo Mbeu yatowa. “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye,” chibatandizo, “otenda kuna iYe akaNdituma,” nokuti Akaita izvi, “ane (nguva yazvino) Hupenyu husingaperi, uye haachazouyi mune ramangwana kuzotongwa, asi abva murufu kuenda kuHupenyu.” Vasimudza maoko avo, Ishe. Vatyora (wose) mutemo wesainzi; simba regiravhiti rinodhonzera maoko edu pasi. Asi varatidza kuti mavari mune mweya, unogona kuteerera kune kugogodza kuri pamukova, uye votambanudza ruoko rwavo rworudyi Kudenga. Zvino vhurai mukova. Vhurai, Ishe, mupinde. Tiri veNyu. Tigamuchireiwo, muZita raJesu Kristu. Amen.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti Ndiye akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

²⁹⁴ MunoMuda here? Handizive kana tikangovhara maziso edu, kwechingvana. Zvino kubva mumoyo yedu, nemaoko edu akasimudzwa.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti. . .

²⁹⁵ Tiri kugamuchira kugogodza kweNyu, mangwanani ano, Ishe. Maoko angu akasimudzwa. Maoko edu ose akasimudzwa, Ishe.

Uye. . .

Zvino pindai, Ishe Jesu. Pindai mumoyo yedu mugodya nesu, uye tichadyawo neMi.

Muti weKarivhari!

²⁹⁶ MunoMuda here? Oo, ndinofunga kuti Anoshamisa kwazvo! Hamudaro here? Haunzwi here Hupo hwaKe huchiita sekunyatsokukweshwa? Ndinonzwa manyukunyuku ekunamata chaiwo zvino, kungo—kunganzwa zvakanaka chaizvo, chimwe chinhu pamusoro pazvo.

Kutenda kwangu kunotarisa kwaMuri,
Imi Gwayana reKarivhari,
Muponesi weKudenga;
Zvino ndinzweiwo pandiri kunamata,
Bvisaiwo zvitadzo zvangu zvose,
O ndiregeiwo kubva nhasi uno
Ndive weNyu zvachose!

²⁹⁷ Zvino ndinoda kuti iwe, patichaimba mahon'era ndima iyi inotevera yerwiyo irworwo rwakanaka, rwiyo rwekare rwechechi, ndinoda kuti ukwazisane maoko nemumwe munhu. Ingoramba uri pachigaro chako, ingoti, “Mwari vakuropafadzei, hama. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Ndinofara kwazvo kuva nemi pano!” Ngatiitei izvozvo. [Hama Branham vanoimba mahon'era *Kutenda Kwangu Kunotarira KwaMuri—Mupepeti*] Mwari vakuropafadze, Carl, ndinofara kuva pano . . . ? . . .

²⁹⁸ Chingofungai, mawoko eMethodisti abata ePentekosti, eBaptisti abata ePresbyteriani.

O itai . . . kubva nhasi uno
Ndive weNyu zvachose!

²⁹⁹ Zvino tichiimba zvishoma nezvishoma zvino, zvakare, kubva pakadzika pemoyo wako. Munoziva, mushure meMharidzo inokweshwa, inotsiura, Ndinofunga kuti zvakanaka kupinda muMweya toimba, kutapira kweMweya Mutsvene.


³⁰⁰ “Oo zvinotapira sei kuti hama dzigare pamwe chete muhumwe!” Bhaibheri rakati, “Zvakafanana nemafuta okuzodza aive pandebvu dzaAroni, anoyerera kusvikira pamipendero yenguwo dzake.” Muri vanhu vakanaka kumusoro kuno. Ndinotarisa kudzoka kuzokuonai zvakare Jesu asati andidana, kana kuti Mireniyamu. Kana ndikasadaro, ndinokuona mhiri kwerwizi kure uko. Ndichasangana nemi kurwizi. Amen. Kusangana kwatoronga.

Apo ndofamba muninga yehupenyu ine rima,
Uye marwadzo ondikomberedza,
Iva iMi Mutungamiriri wangu;
Rairai rima kuti rive masakati, (Chiedza
chiduku chiya chavanotaura nezvacho.)
Bvisai kutya kwekusuwa,
O ndiregeiwo kubva nhasi uno
Ndive weNyu zvachose!

³⁰¹ Suwo rose rakazaruka! Oo, ingobata kabhatani kadiki, uye woatarisa ese achitenderera denderedzwa; iti, “Pindai, Ishe Jesu, ivai Ishe wangu, zvose zvangu.”

O nditenderei kubva nhasi (kwete, kuKuitai
kuti mumire pamusuwo),
Ndive weNyu zvachose!

³⁰² Iwe wasimudza maoko ako uye uchida kutungamirirwa kunaShe, ndinokukumbira kuti uende zasi kurumutsiriro manheru ano. Uye ndine chokwadi kuti mufundisi ikoko anokutora kubva pano kuenda kuimba yevaeni. Ane madhinari 6, kana chero chakapihwa, kuti akuchengete, uye waini nemafuta zvokudiramo. Anogona kupedza basa racho.

³⁰³ Mwari vakuropafadzei zvino. Ndichadzorera shumiro kuna, ndinodaira kudaro, Hama Williams, kana chero uyo ari . . . 

65-0206 Masuwo Mukati Mesuwo
Americana Hotel
Flagstaff, Arizona U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org